**Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлиги**

Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети

Бизнес ҳәм басқарыў факультети

«Қорғаўға рухсат етилсин»
Факультет деканы
____________ доц. Т.Ситмуратов
«___» __________ 2011 ж

**5340600-«Финанс» бакалавр тәлим бағдарының 4-курс студенти**

**Ғ.Утеновтың**

**«Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў» атамасындағы**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

Студент _________________Утенов Ғ.

Илимий басшы __________доцент Баймуратов З.

«Қорғаўға усыныс етилсин»
«Финанслар» кафедрасы баслығы
________________доц. С.Байжанов
«___» __________ 2011 ж

**Нөкис 2011**

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

Питкериўшиниң қәнигелик жумысын орынлаў бойынша

ТАПСЫРМА

Студент______________________________________________________

(ф.и.о.)

Тәлим бағдары:___________________________________________________

Қәнигелик жумысының темасы_____________________________________

_______________________________________________________________

_______________________________________________________________

_________________________________________

Жумыс басшысы___________________________________________________

(ф.и.о., илимий атағы ҳәм илимий дәрежеси)

Мәсләҳәтши________________________________________________

(ф.и.о., илимий атағы ҳәм илимий дәрежеси)

Жумыстың мақсети____________________________________________

Орынлаў мүддети

Кирисиў____________________ «____»__________________2011 ж

Тийкарғы бөлим_______________ «____»__________________2011 ж

Жуўмақлаў «____»__________________2011 ж

Жумысты таярлаў мүддети «____»__________________2011 ж

Басшы_______________________

Мәсләҳәтши__________________

(имза)

Тапсырма берилген сәне__________ «____»__________________2011 ж

Қабыл қылдым__________________ «____»__________________2011 ж

(студенттиң имзасы)

Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў

Мазмуны:

Кирисиў……………………………………………………………………4-7

1.Бап

Салықлар ҳәм салық қатнасықлары экономикалық категория сыпатында………………………………………………………………...8-27

1.1 Салыққа тартыўдың экономикалық мазмуны ҳәм объектив зәрүрлиги……………………………………………………………8-13

1.2 Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың өзине тән өзгешеликлери……………………………………………………………..14-18

1.3 Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўда салық ставкаларының кемейиў динамикасының анализи………………………19-27

2 Бап

Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў………………………………………………28-52

2.1 Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың әпиўайыластырылған формасы- бирден-бир салық төлеми………………28-37

2.2 Салық жеңилликлери исбилерменликти ийтермелеўши күш сыпатында………………………………………………………………….38-45

2.3 Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдағы жаңалықлар………46-52

Жуўмақлаў……………………………………………………………………53-56

Пайдаланылған әдебиятлар…………………………………………….57-60

# Кирисиў

Салыққа тартыўдың әмел қылыўын базар экономикасына өтиў шараятында еки жағдай менен түсиндириў мүмкин: биринщиден, мәмлекеттиң қатар ўазыйпаларын қаржы менен тәмийинлеў зәрүрлиги, екиншиден, базар экононмикасы нызам-қағыйдалары.

Мәмлекеттиң атқаратуғын функциялары ҳәм ўазыйпалары көп болып, базар экономикасы раўажланып барыўы менен айырым базар қатнасықларына сай келмейтуғын ўазыйпалар жоғалып барса, жаңа ўазыйпалар пайда бола баслайды. Буларға бизиң республикамызда киши бизнести раўажландырыў, базар экономикасы инфраструктурасын пайда етиў кибилер киреди.

Киши бизнес ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў экономиканы турақлы раўажландырыўдың зәрүр факторы есапланады. Бул бойынша мәмлекетимизде изшил иләжлар әмелге асырылып атыр. Атап айтқанда, усы жылдың «Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы» деп белгилениўи бул тараўдағы ислерди жаңа басқышқа алып шықты. Мәмлекетимиз Президенти тәрепинен 2011 жыл 7-февральда қабыл қылынған «Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы» мәмлекетлик дәстүр ҳаққындағы қарарда бул тараў ушын салық ҳәм басқа төлемлер бойынша еле де қолай шәрт-шараятлар жаратыў, жеңилликлер ҳәм преференциялар бериў, финанс, салық ҳәм статистика органларына есабатлар тапсырыў системасын жетилистириўге тийисли зәрүр ўазыйпалар белгиленген.

«Киши бизнес ҳәм исбилерменлик жылы» мәмлекетлик дәстүрде киши бизнес субъектлери ушын бир қатар жаңа жеңилликлер ҳәм преференциялар нәзерде тутылған.

2010 жыл 28 январьда мәмлекетимиз Президенти И.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисинде мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған реформаларға айрықша тоқталып, 2011 жылда экономикалық реформаларды әмелге асырыўдың ең әҳмийетли бас ўазыйпаларын белгилеп берди.

Мәмлекетимизде салық сиясатын еле де жетилистириў зәрүрлиги де зәрүр ўазыйпалардан бири сыпатында айтып өтилди. Мәмлекетимиз басшысы өз баянатларында салық төлеўшилерге салыққа тартыў системасында қосымша жеңилликлер ҳәм преференциялар бериў, салықларды унификация қылыў, салық жүгин жеңиллестириў, салық нызамшылығының турақлылығын тәмийинлеў ҳәм де усы бағдарда раўажланған мәмлекетлердиң тәжирийбедеринен пайдаланыў лазымлығын атап өтти.[1] Буннан тысқары, мәмлекет Президенти «реформаларды тереңлестириў, экономика, салық-бюджет сиясатын еле де еркинлестириў, базар инфраструктурасын жедел раўажландырыў» тийкарғы бас бағдарлардан бири екенлиги және бир мәрте атап өтилди.[2]

Сонлықтан да киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў актуал машқала болып табылады. Өзбекстан Республикасы экономикасында салықлардың орнын белгилеўши тийкарғы факторлардан бири - ҳәзирги күнде көбейип баратырған исбилерменлик пенен шуғылланыўшы физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң дәраматларын өз ишине алыўшы жетилискен салық төлемин жүзеге келтириў болып табылады.

Базар қатнасықларының раўажланып барыўы жеке исбилермелик искерлигиниң кең қулаш жайыўы ҳәм меншиклестириў процесслериниң тереңлесиўи, исбилерменлердиң дәраматларын есапқа алыўды қыйынластырады. Меншиклестирилген бир кәрхана орнында онлаған киши, жеке ҳәм жәмийет мүлкине тийкарланған кәрханалар пайда болады.

Сол себепли мәмлекетимизде киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў

---

[1] «Мәмлекетимизди модернизация қылыў ҳәм күшли пухаралық жәмийет қурыў– бас мақсетимиз» – Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисиндеги баянаты // Халық сөзи, 2010 жыл 28 январь.

[2] “Инсон манфаатлари устуворлигини таъминлаш – барча ислоҳот ва ўзгаришларимизнинг бош мақсадида”. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг 2007 йилда мамлакатда ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2008 йилда иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштиришнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги маърузаси. Халк сўзи. 2008 йил 9-феврал.

арқалы ретлестириў, яғный оларға жеңилликлер ҳәм преференциялар бериў, салық ставкаларының түсирилиўи, киши бизнес субъектлериниң раўажланыўын қоллап-қуўатлаў мәмлекетимиз сиясатының бас бағдарларынан бирине айланды.

Мине булардың барлығы меңиң таңлаған «Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў» атамасындағы питкериўши қәнигелик жумысымның темасында сәўлеленген болып, ҳәзирги кризис шараятында, Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириўдиң әҳмийетлилиги ҳәм актуаллығы менен ажыралып турады.

Питкериўши қәнигелик жумысымның мақсети Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў механизмин еле де жетилистириў болып табылады.

Питкериўши қәнигелик жумысымның алдына қойған ўазыйпалары:

1)Салыққа тартыўдың экономикалық мазмуны ҳәм объектив зәрүрлиги;

2) Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың өзине тән өзгешеликлери;

3) Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўда салық ставкаларының кемейиў динамикасының анализи;

4) Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың әпиўайыластырылған формасы- бирден-бир салық төлеми;

5) Салық жеңилликлери исбилерменликти ийтермелеўши күш сыпатында;

6) Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдағы жаңалықлар.

Бул ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде «Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў» атамасындағы питкериў қәнигелик жумысымды төмеңдеги структурада жаздым. Питкериўши қәнигелик жумысым кирисиў, 2 баптан ҳәм жуўмақлаўдан ибарат болып, соңында пайдаланылған әдебиятлар келтириледи. Жумысымның кирисиў бөлиминде таңлаған темамның актуаллығына тоқтадым. Биринши бап «Салықлар ҳәм салық қатнасықлары

экономикалық категория» деп аталып, онда салыққа тартыўдың экономикалық мазмуны ҳәм объектив зәрүрлиги, киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың өзине тән өзгешеликлери, киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўда салық ставкаларының орны ҳәм динамикасы анализ қылынады. Екинши бап «Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў» деп аталып, онда киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың әпиўайыластырылған формасы-бирден-бир салық төлеми, салық жеңилликлери исбилерменликти ийтермелеўши күш сыпатында ҳәм киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўда жаңалықлар саўаллары көриледи. Жуўмақлаўда изертлеген жумысларымнан келип шығатуғын жуўмақ ҳәм усыныслар келтирилген.

Питкериўши қәнигелик жумысымның предмети салыққа тартыў болса, объекти Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириўдиң ҳәзирги жағдайы болып табылады.

Питкериўши қәнигелик жумысымды жазыў барысында ҳүкиметимиздиң мәмлекетимиздеги киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў механизмин раўажландырыў бойынша Қарарларынан, Президентимиздиң баянатларынан, экономист илимпазларымыздың мийнетлеринен ҳәм илимий басшым доцент З. Баймуратованың мәсләҳәтлеринен, сондай-ақ, Интернет материалларынан пайдаландым.

Питкериўши қәнигелик жумысымды жазыўда статистикалық ҳәм экономикалық усыллардан, олардан: таблицалық, графиклик, диаграммалық, орташа муғдарлар ҳәм индекслер усылларынан пайдаландым.

# 1. Бап. Салықлар ҳәм салық қатнасықлары экономикалық категория сыпатында

## 1.1 Салыққа тартыўдың экономикалық мазмуны ҳәм объектив зәрүрлиги

Салыққа тартыў түсиниги тар мәнисте мәмлекет пайдасына салық төлеўшилерден мәжбүрий тәртипте өндирилетуғын пул түсимлерин сәўлелендиреди.

Белгили болғанындай, салықлар туўрыдан-туўры мәмлекеттиң пайда болыўы менен байланыслы, яғный мәмлекет өзиниң ўәкиллигине кириўши ўазыйпаларды орынлаў ушын финанслық дерек сыпатында салықлардан пайдаланады. Салықлардың әмел қылыўы бул объектив түсиник, себеби жәмийетти қураўшы барлық субъектлер ҳәм реал секторда, яғный ислеп шығарыў тараўында ис жүритпейди. Жәмийетте басқалар тәрепинен тән алынбаған яки искерлиги экономикалық нәтийжесиз болған тараўлар да бар болып, олар салықлардың объектив әмел қылыўын талап етеди. Анығырақ қылып айтатуғын болсақ, жәмийетти рентабел емес (қорғаныў, медицина, илим, билимлендириў, мәдений ят ҳ.т.б) ҳәм рентабел тараўға ажыралыўы ҳәм де рентабел емес тараўды қаржыландырыўдың тәбийий зәрүрлиги салықлардың объектив әмел қылыўын зәрүр қылып қояды, себеби, рентабел емес тараўдың социаллық хызметлери тийкарынан мәмлекет тәрепинен әмелге асырылып, оларды қаржыландырыў усылы сыпатында жүзеге шығыўшы салықлар да туўрыдан-туўры мәмлекетке тийисли болады.

Салыққа тартыўдың әмел қылыўын базар экономикасына өтиў шараятында еки жағдай менен түсиндириў мүмкин: биринщиден, мәмлекеттиң қатар ўазыйпаларын қаржы менен тәмийинлеў зәрүрлиги, екинщиден, базар экономмикасы нызам-қағыйдалары.

Мәмлекеттиң атқаратуғын функциялары ҳәм ўазыйпалары көп болып, базар экономикасы раўажланып барыўы менен айырым базар қатнасықларына сай келмейтуғын ўазыйпалар жоғалып барса, жаңа ўазыйпалар пайда бола баслайды. Буларға бизиң республикамызда кем

тәмииийинленгенлерге социаллық жәрдем көрсетиў, базар экономикасы инфраструктурасын пайда етиў кибилер киреди. Мәмлекет күшли жәмийетлик-сиясый иләжларды әмелге асырыў ушын пенсионерлер, студентлер, көп болалы аналар ҳәм басқаларды қаржы менен тәмийинлеў зәрүрлигин аңлап, айырым шекленген товарлар баҳасындағы айырмашылықты бюджет есабынан қаплайды ҳәм буннан тысқары, мәҳәллелерде социаллық қорғаўға мүтәж кем тәмийинленгенлерге материаллық жәрдем көрсетеди. Сол менен бирге, мәмлекет жәмийет ағзалары тынышлығын қорғаў мақсетинде өзиниң қорғаныў қәбилетин сақлап қалыў ҳәм беккемлеп турыўға да қаржылар сарыплайды, қалаберсе, мәмлекет пухаралар қәўипсизлигин сақлаў, мәмлекетте тәртип-интизам орнатыў, оны басқарыў функцияларын орынлаў ушын да көплеп қаржы жумсаўға мәжбүр. Бундай қәрежетлерди әмелге асырыўдың мәжбүрийлиги олар ушын дерек болған салықларды объектив зәрүр қылып қояды.

Соны да айтып өтиў керек, ҳәзирге шекем мәмлекеттиң функцияларын орынлаў ушын керек болған финанслық қаржыларды қәлиплестириўдиң салықлардан басқа усылы дүнья тәжирийбесинде қолланылған емес. Демек, ҳүкимран күш сыпатында мәмлекет бар екен, қаржыландырыў усылы сыпатында салыққа тартыў әмел қылады. Белгили болғанындай, жәмийеттиң экономикалық өмири жүдә қурамалы экономикалық ҳәдийселерден ибарат болып, усы қурамалылық салықларға да тийисли. Бул жағдай салыққа тартыўдың экономикалық мазмунын терең аңлаўды талап етеди.

Салықлар мәжбүрий төлемлерди сәўлелендириўши пуллық қатнасықларды билдиреди. Бул қатнасықлар салық төлеўшилер менен мәмлекет ортасында болады. Мәмлекет ушын бюджет дәраматларының тийкарғы дереги болған салықлар үлкен әҳмийетке ийе.

Салықлар ҳаққындағы түсиниклер объектив ҳәм субъектив факторлардың тәсиринде қәлиплескен. Салықларға тийисли түрли тәрийплерди анализ қылыў олардың конкрет социал-экономикалық раўажланыў процессиндеги мазмунын тийкарлаў, салықлардың

экономикалық ролин ҳәм салық нызамшылығына тийкар болған салық принциплерин белгилеў ҳәм салық системасында, жәмийет раўажланыўында бар болған салықлардың тутқан орнын анықлаў зәрүр. Себеби, мәмлекет пайда болыўы менен салықлар жәмийеттеги экономикалық қатнасықлардың зәрүрий талапларынан бири болып есапланып келген. Мәмлекеттиң дүзилис формаларының раўажланыўы менен бир ўақытта салыққа тартыў системасы өзгерген ҳәм жетилискен. Салыққа тартыў системасының өзгериўи ҳәм жетилистирилиўи салықлардың түрлери, муғдарлары ҳәм жыйнап алыў усыллары ҳәр түрли болғанлығы менен тийкарланып келинген Мәселен, Шығыс мәмлекетлери экономикасы тарийхында салықлар халықтан жеке мал-мүлк, жерден алынған өним, үй ҳайўанлары ҳәм басқалар ушын «закат» сыпатында алынған.

Мәмлекет искерлигиниң барлық бағдарларын қаржы менен тәмийинлеўдиң тийкарғы дереклеринен бири ҳәм мәмлекет үстемлигин әмелге асырыўдың экономикалық қуралы салық болып табылады. Салық системасын тәртипке салыў ҳәм жетилистириў финанслық системаны раўажландырыўға жәрдем береди. Экономиканы мәмлекет тәрепинен салықлар арқалы тәртипке салыў, мәмлекет бюджети дәраматларын қәлиплестириў салық салыў арқалы жәмийеттеги ол яки бул процесслердиң раўажланыўына тәсир етиўши усылы есапланады. Мәмлекеттиң бар екенлиги салықлар менен өз-ара байланыслы, себеби салықтан түсетуғын түсимлер мәмлекеттиң экономикалық ғәрезсизлигиниң тийкарғы дереги есапланады.

Айырым экономистлер салықларды миллий дәраматты бөлистириў ҳәм қайта бөлистириў қуралы сыпатында ҳәрекет қылған. Мәселен, - «Салықлар – миллий дәраматты бөлистириў ҳәм қайта бөлистириў процессинде оның бир бөлегин мәмлекет ихтиярына алыў формасы»[3].

О.Олимжановтың пикиринше: «Салықлар – мәмлекет ҳәм жәмийеттиң пул қаржыларына болған зәрүрлигин қандырыў мақсетинде нызам тәрепинен белгилеп қойылған көлемде ҳәм орнатылған тәртипте физикалық ҳәм

[3] Ўлмасов А., Шарифхўжаев М. Иқтисодиёт назарияси. Т.: “Меҳнат”, 1995 й. 377-бет

юридикалық тәреплерден мәмлекет пайдасына мәжбүрий түрде өндирип алынатуғын төлемлер»[4]. Салықларға берилген усы тәрийп ең мақулы болып, салықлардың мазмуны, олардың экономикадағы орны ҳәм ролин, салықлардың ҳәрекет процессин теориялық тәрептен тереңирек билдирип, салықлар ҳаққында анығырақ түсиникке ийе болыўға жәрдем береди. Бүгинги күнде илимде салық категориясын ҳәр тәреплеме, кеңирек ҳәм тереңирек, сондай-ақ оның мазмунын ҳәм әҳмийетин, экономиканы раўажландырыўдағы роли ҳәм орнын, салықлардың теориялық тәреплерин анығырақ ҳәм толығырақ көрсете алатуғын тәрийпти келтириў машқаласы бар.

Тарийхта салықлар, мәмлекетти сақлап турыў ушын зәрүр болған мәжбүрий төлемлер сыпатында, мәмлекет пайда болыўы менен пайда болған. Салықлар, мәмлекеттиң ҳәрекет етиўиниң материаллық тийкарын қурайды, олардың экономикалық тәбияты тап усы жерден келип шығады.

Базар қатнасықларының қәлиплесиўи дәўиринде салықлар кәрханалардың экономикалық искерлигин тәртипке салыўдың да қуралы есапланады.

Салық төлеў хожалық жүритиўши субъектлер ҳәм пухаралар менен мәмлекет ортасында жаңадан жаратылған қаржыны бөлистириўдиң тийкарғы қуралы есапланады. Қәлеген жәмийетти салық системасысыз көз алдымызға келтирип болмайды. Себеби салықлар бюджет дәраматларын (пул фонды) қәлиплестириўдиң тийкағы қуралы болып ғана қалмастан, өним ислеп шығарыў көлемин асырыўға, ислеп шығарыўды қоллап-қуўатлаўда инвестицияларды көбейтиўге, бәсекиге шыдамлы өнимлерди көбейтиўге, киши бизнести раўажландырыўға, жеке кәрханалар ашыў менен байланыслы болған базар инфраструктурасын дүзиўге, улыўма мәмлекетлик зәрүриятларды қанаатландырыўға ҳәм тағы басқаларға хызмет қылады.

Базар экономикасы шараятында мәмлекет өзиниң ишки ҳәм сыртқы ўазыйпаларын, ҳәр түрли социаллық, экономикалық ис-иләжларды әмелге

[4] Олимжонов. О. Бозор иқтисодиётига ўтиш даврида солиқ сиёсати. «Ҳаёт ва иқтисод», 1992.

асырыў ушын зәрүр болған қаржылардың тийкарғы бөлегин салықлар арқалы топлайды. Атап айтқанда, салықлар республика ҳәм жергиликли бюджетлер дәраматларын қәлиплестиреди, мәмлекеттиң социаллық дәстүрлери ушын финанслық негиз жаратады, салық төлеўши шахслардың исбилерменлик искерлигин басқарады, олардың тәбийий ресурслардан үнемли пайдаланыўға болған интилиўин қоллап-қуўатлайды, баҳа белгилеўге тәсир көрсетеди, халықтың турмыс дәрежесин тәртипке салып турады, жеңилликлер жәрдеминде болса, халықтың кем тәмийинленген қатламларын социаллық қорғаўды шөлкемлестириўге жәрдем береди.

Ол ямаса бул категорияның мазмунын тереңирек аңлаў ушын оған тан болған улыўма белгилерди анықлаў лазым. Мәселен, кредит экономикалық категория сыпатында мүддетлилик, қайтарыў шәртлилиги, белгили муғдарда үстеме ҳақы (пайыз) төлеў киби улыўма белгилерге ийе болып, усы белгилер кредит категориясы мазмунын кеңирек ашыў ушын хызмет қылады. Усыған уқсас ҳалда салық категориясы да бир қатар өзине тән белгилерге ийе болып, усы белгилер салықлардың басқа төлемлерден парқлаў ушын хызмет қылады.

Салықлардың белгилери бойынша экономист аламлар тәрепинен түрли пикирлер бар. Мәселен, проф. Қ.Яҳёев  салықлардың улыўма белгилери сыпатындатөмендегилерди көрсетеди.

1. Салықлар ҳәм жыйымлар мәжбүрий болып, бунда мәмлекет салық төлеўшиниң бир бөлек дәрмамтларын мәжбүрий төлем сыпатында бюджетке алып қояды. Бул мәжбүрийлик Олий Мажлис тастыйықлап берген Салық кодексиниң қағыйдалары тийкарында әмелге асырылады. Демек, мәжбүрийлик  белгиси ҳуқықый тәрептен мәмлекет тәрепинен кепилленеди.

2. Салықлар ғазнаға- мәмлекет бюджетине түседи. Бирақ, басқа түрдеги төлемлер, «Умид», «Экосан» киби фондларға түсиўи салық қатнасықларын сәўлелендирмейди.

3. Салықлар қатаң белгиленген ҳәм бәрҳулла ҳәрекетте болады. Тарийхта әсирлеп өзгермей ҳәрекетте болған салықлар бар. Оның илимий

тийкары қанша терең болса, сонша қатаң ҳәм өзгерместен ҳәрекет қылады.

4. Мәмлекетке төленген салық суммасы төлеўшинин өзине толық қайтпайды, яғный ол эквивалентсиз пул төлеми есапланады[5].

Жоқарыда көрсетилген салықларға тән болған улыўма белгилер олардың экононмикалық мазмунын ашыўға хызмет қылады.

Салық категориясы басқа экономикалық категориялар: финанс, кредит, қамсызландырыў, инвестициялар менен улыўма уқсаслыққа ийе, яғный олардың барлығ пуллы қатнасықларды сәўлелендиреди. Лекин салықлардың өзине тән, жоқарыда атыйп өтилген белгилери бар болып, усы белгилер салықларды бақа экононмикалық категориялардан парықлаў ушын хызмет қылады.

---

[5] Яҳёев Қ. Солиққа тортиш назарияси ва амалиёти. Т.: «Ғафур Ғулом» 2000 й. 10-бет.

## 1.2 Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың өзине тән өзгешеликлери

Өзбекстан Республикасы экономикасында салықлардың орнын белгилеўши тийкарғы факторлардан бири - ҳәзирги күнде көбейип баратырған исбилерменлик пенен шуғылланыўшы физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң дәраматларын өз ишине алыўшы жетилискен салық төлемин жүзеге келтириў болып табылады.

Базар қатнасықларының раўажланып барыўы жеке исбилермелик искерлигиниң кең қулаш жайыўы ҳәм меншиклестириў процесслериниң тереңлесиўи, исбилерменлердиң дәраматларын есапқа алыўды қыйынластырады. Меншиклестирилген бир кәрхана орнында онлаған киши, жеке ҳәм жәмийет мүлкине тийкарланған кәрханалар пайда болады. Жетилискен салыққа тартыў механизми жаратылмағанлығы ушын дәраматлар суммасын анықлаўда қопал қәтеликлерге жол қойылыўы мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1998 жыл 15 апрельдеги 159-санлы қарарына муўапық киши бизнес субъектлери ушын улыўма белгиленген тәртиптеги салықлар орнына бюджетке әпиўайыластырылған салық төлеў имканияты жүзеге келди. Өзбекстанда исбилерменликти раўажландырыўда әпиўайылас-тырылған салық системасының енгизилиўи бул исбилерменлер ушын мәмлекет тәрепинен көрсетилген үлкен жәрдем болды.

Усы орында киши бизнес субъектлерин көрип шықсақ, оларға төмендегилер киреди:

- жеке тәртиптеги исбилерменлер;
- Ислеп шығарыў тармақларындағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен жигирма адам, хызмет көрсетиў тараўындағы ҳәм басқа ислеп шығарыў менен байланыслы болмаған тараўлардағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен он адам, көтере ҳәм усақлап сатыў ҳәм де улыўма аўқатланыў тармақларындағы бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен бес адам

болған микрофирмалар;

Төмендеги тараўлардағы:

- жеңил ҳәм азық-аўқат санаатындағы, металға ислеў бериў ҳәм әсбапсазлық, ағашсазлық, мебель санааты ҳәм де қурылыс материаллары санаатындағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен жүз адам;
- машинасазлық, метоллургия, жанылғы-энергетика ҳәм химия санааты, аўыл-хожалық өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм қайта ислеў, қурылыс ҳәм де басқа санаат ислеп шығарыў тараўларындағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен елиў адам;
- пән, илимий хызмет көрсетиў, транспорт, байланыс, хызмет көрсетиў тараўлары (қамсызландырыў компанияларынан тысқары), саўда ҳәм улыўма аўқатланыў ҳәм де басқа ислеп шығарыў менен байланыслы болмаған тараўлардағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен жигирма бес адам болған киши кәрханалар.

Киши бизнес субъектлери хызметкерлериниң орташа жыллық саны нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте анықланады. Бунда унитар кәрханаларда, филиалларда ҳәм ўәкилликлеринде ислеўшилердиң саны да есапқа алынады.

Өзбекстан Республикасы салық системасында әпиўайыластырылған салық системасына өткен киши бизнес субъектлери төмендеги салықларды төлейди:

1) Микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар ушын бирден-бир салық төлемин төлеўди нәзерде тутыўшы салыққа тартыў системасы қолланылыўы мүмкин. Акциз салығы төленетуғын өним ислеп шығаратуғын, сондай-ақ пайдалы қазылмаларды қазып алыўды әмелге асыратуғын микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар Өзбекстан Рспубликасы Салық кодексинде (350-статья) белгиленген тәртипте акциз салығы ҳәм жер қазылмаларынан пайдаланыўшылар ушын салықлар ҳәм арнаўлы төлемлер төлегенде бирден-бир салық төлеми оларға қолланылмайды. Бирден-бир салық төлемин

төлеўшилерде импорт қылынатуғын товарлар бойынша акциз салығын ҳәм қосылған қун салығын төлеў мәжбүрияты сақланып қалады.

2) Саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары- пайда салығы, қосылған қун салығы (товарларды (ислерди, хызметлерди) импорт қылыўдан тысқары), суў ресурсларынан пайдаланғанлық ушын салық, жер қазылмаларынан пайдаланыўшылар ушын салықлар ҳәм арнаўлы төлемлер, жер салығы, абаданластырыў ҳәм социаллық инфраструктураны раўажландырыў салығы, басқа жергиликли салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер (мал-мүлк салығы, айырым түрдеги товарлар менен усақлап саўда қылыў ҳәм айырым түрдеги хызметлерди көрсетиў ҳуқықы ушын жыйымнан тысқары) орнына бюджетке, 2007 жыл 1-январьға шекем жалпы дәрамат салығы төлейтуғын еди. 2007 жыл 1-январьдан баслап саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары жалпы дәрамат ҳәм мал-мүлк салықларының орнына салық салыўдың басқа системасын таңлаў ҳуқықысыз бирден-бир салық төлемин төлеў режимине өткерилди.

3) Аўыл-хожалық товар ислеп шығарыўшылары акциз салығынан ҳәм товарларды (ислерди, хызметлерди) импорт қылғаны ушын қосылған қун салығынан тысқары, әмелдеги барлық улыўма мәмлекелик ҳәм жергиликли салықлар ҳәм де жыйымлар орнына өзи жетистиретуғын аўыл-хожвлығы өнимин ислеп шығарыў ҳәм қайта ислеў бойынша бирден-бир жер салығын төлейди Бирден-бир жер салығын төлеў тәртиби ҳәм ставкалары ҳәр жылы Өзбекстан Республикасы Президенти қарары тийкарында белгиленеди.

4) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети исбилерменликтиң айырым түрлери бойынша салық салыўдың өзи белгилеген ставкалар бойынша салықтың қатаң белгилиенген суммасын төлеўди нәзерде тутыўшы айрықша тәртипти белгилеўи мүмкин.

5) Кәншилик санааты тармақларының айырым кәрханалары ушын қосымша пайда салығы төлениўин нәзерде тутыўшы пайданың бир бөлегине салық салыўдың айрықша тәртиби енгизилиўи мүмкин. Қосымша пайда салығын төлеўшилер, оны төлеў тәртиби ҳәм салық ставкалары Өзбекстан

Республикасы Салық кодекси ҳәм де Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

6) Лотереялар, тотализаторлар ҳәм басқа тәўекелшиликке тийкарланған ойынларды шөлкемлестириў бойынша искерликти әмелге асырыўшы юридикалық тәреплер пайда салығы, мал-мүлк салығы, жер салығы, абаданластырыў ҳәм социаллық инфраструктураны раўажландырыў салығы, суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық орнына жалпы түсимнен бирден бир салық төлемин төлейди. Жалпы түсимнен бирден-бир салық төлеми ставкалары Өзбекстан Республикасы Президенти қарары тийкарында белгиленеди.

Сондай-ақ, юридикалық тәреп болмастан исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыўшы физикалық тәреплер болса, қатаң белгиленген салық төлеўшилери есапланады.

Исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыўшы қатаң белгиленген салық төлеўши физикалық тәреплер социаллық қамсызландырыў төлемлерин, экспорт-импорт операцияларын әмелге асырғанда бирден-бир бажыхана төлемин, саўда қылыў ҳуқықы ушын жыйымды, егер исбилерменлик искерлигин әмелге асырыўда суў ресурсларынан пайдаланылса, суў ресурсларынан пайдаланғаны ушын салықты, базарларда искерликти әмелге асырса саўда орны ушын төлемди төлейди.

Юридикалық тәреп болмастан исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыўшы физикалық тәреплер ушын қатаң белгиленген салық төлеми ставкаларының анық муғдарлары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўалаятлар ҳә тәреп болмастан  Ташкент қаласы ҳәкимиятлары исбилерменликтиң түри ҳәм искерлик орнына (ўалаятлардағы қалалар, районлар, сондай-ақ аўыллық жерлерде) байланыслы түрде белгилейди.

Қатаң белгиленген салықтың базалық ставкалары ҳәм юридикалық тәреп болмастан исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыўшы физикалық тәреплер дәраматынан алынатуғын қатаң белгиленген салық суммасының есап-китабы ушын дүзеўлеўши коэффициентлер Өзбекстан Республикасы

Министрлер Кабинетиниң қарары менен тастыйықланады.

Қатаң белгиленген муғдарлардағы дәрамат салығын исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыўшы физикалық тәреплер ҳәр айда, ғәрезсиз түрде искерлик әмелге асырылатуғын айдың 25-сәнесине шекем төлейди.

Қатаң белгиленген салық юридикалық тәреп болмастан исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыўшы физикалық тәреплер мәмлекетлик дизимнен өткен орында төлейди.

## 1.3 Киши бизнес субъектлерин салықҚа тартыўда салық ставкаларының кемейиў динамикасы.

Салыққа тартыўдың мәмлекет экономикасына тәсири, тийкарынан олардың ставкалары дәрежесиниң муғдары менен белгиленеди. Республика салық системасының қәлиплесиўиниң ҳәзирги басқышында салық ставкаларының дәрежеси ең тартыслы мәселелерден бири есапланады.

Салық ставкалары республика ҳәм жергиликли бюджетлер қәрежетлерин қаржы менен тәмийинлеўде теңсалмақлық дәрежесин ҳәм хожалық субъектлериниң финанслық имканиятларын белгилейди. Демек, олар финанс-бюджет қатнасықларын саламатластырыў менен тығыз байланыслы. Салық ставкалары кәрханалардың экономикалық ғәрезсизлигин тәмийинлеген ҳалда, финанс-бюджет қатнасықларының пул айланысына тийгизетуғын уамсыз тәсирине шек қойыўы керек. Бул болса, республикамизда әмелге асырылып атырған салық реформаларының әҳмийетли тәрепин қурайды.

Салық элементлери қурамында салық ставкалары айрықша орын ийелейди. Экономикалық әдебиятларда салық ставкасы дегенде салық объектиниң ҳәр бир салық бирлиги ушын мәмлекет тәрепинен белгилеп қойылған норма түсиниледи.

Слық ставкасы салық объектиниң қанша бөлеги қандай муғдарда төлем сыпатында бюджетке өндирилиўин характерлейтуғын мәселеге жуўап береди.

Салық ставкаларының мазмуны сонда, олар салық объекти, салық бирлиги ҳәм салық нормаларына тийкарланған ҳалда салық механизминиң нәтийжели ислеўин тәмийинлейди. Салық ставкаларынан мәмлекет тәрепинен экономиканы тәртипке салыў қуралы сыпатында пайдаланылса, екинши тәрептен салық жеңилликлериниң бир түри сыпатында олар арқалы ислеп шығарыўды раўажландырыўды қоллап-қуўатлаў ролинен пайдаланылады.

Салық ставкалары еки көринисте болады: қатаң ставкаларда ҳәм салыстырмалы (пайыз) ставкаларда сәўлеленеди. Салық ставкасы қатаң ставкада белгиленген ҳалда салық объектине қарата қатаң суммада белгиленеди. Мәселен, жер салығының ҳәр бир гектары ушын қатаң сумда салық муғдары орнатылған. Юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң дәраматларына, мал-мүлклерине болса, салыстырмалы ставкада яки пайызда салық муғдары белгиленген.

Салық ставкасы менен салыққа тартыў объекти ортасындағы байланыс дәрежесине қарап салық ставкаларын пропорционал, прогрессив ҳәм регрессив киби түрлерге ажыратыў мүмкин.

Салық ставкалары,өндирилиўине, мазмунына ҳәм әмел қылыўына қарап бир неше түрлерге ажыратылады (1-сызылма).

Салық ставкаларының түрлери. 1--сызылма




Пропорционал салық ставкасы өзгермес салық ставкасы болып, оның муғдары (пайызы) салық объектиниң көлмине байланыслы болмайды. Бул бир тәрептен жоқары дәраматқа (оборотқа) ийк болған салық төлеўшилер ушын қолай салық ставкалары есапланса да, айырым салық толеўшилер ушын қолайсызлық пайда етиүи мүмкин, яғный усы салық ставкасы

салықлардың қоллап-қуўатлаўшылық ролин аткармайды.

Салық ставкаларының кейинги түри прогрессив салық ставкасы есапланады. Прогрессив салық ставкасы мазмуны бойынша пропорционал салық ставкасына қарама-қарсы жағдайда әмел қылып, оған муўапық салық төлеўшилердиң дәраматлары, пайдасы яки обороты артып, өсип барыўына муўапық тәризде салық ставкасының ҳәм артып барыўыи түсиниледи. Өзбекстон Республикасы салық системасында буны физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы мысалында көриў мүмкин. Буған муўапық, физикалық тәреплердиң алған дәраматлары асып барыўы менен бирге белгиленген шкала тийкарында салықставкасы да өсип барады.

Регрессив салық ставкасында салық төлеўшиниң салыққа тартылатуғын дәраматы, обороты, мал-мүлк баҳасы киби салық объектиниң артып барыўы менен салық ставкасының кемейип барыўы сәўлеленеди. Буннан көринип турғанындай. регрессив салық ставкасы прогрессив салық ставкасына қарама-қарсы әмелге асырылады.

Өзбекстан Республикасы салық системасында регрессив салық ставкасы тийкарынан салыклардың қоллап-қуўатлаўшылық ролин асырыў мақсетинде қоллоанылып, бул тийкарынан кәрханалардың өним (хызмет, ис) ди сыртқа экспорт қылыўды қоллап-қуўатлаў мақсетинде енгизилген. Атап айтқанда:

Пайда салығы бойынша:

Экспортшы кәрханалар ушын реализацияниң улыўма көлеминде өзи ислеп шығарған товарлар экспортының еркин конвертацияланатуғын валютаға экспорт қылыў үлесине байланыслы ҳалда дәраматқа салықсалыўдың регрессив шкаласы әмел қылады. Экспорт үлеси:

– реализацияның улыўма көлеминде 15 пайыздан 30 пайызға шекем болғанда– белгиленген ставка 30 пайызға кемейеди;

– реализацияның улыўма көлеминде 30 пайыз ҳәм оннан көп болғанда– белгиленген ставка 2 есе кемейеди.

Республикамыз салық системасында киши бизнес субъектлериниң экспорт искерлигин қоллап-қуўатлаўға қаратылған қатар жеңилликлер бар

екенлиги миллий товар ислеп шығарыўшыларды өз өнимлерин экспорт қылыўға бағдарлаўшы тийкарғы фактор болып есапланады.

Экономикалық әдебиятларда узақ жыллардан берли бирден-бир салық ставкаларын енгизиў бойынша тартыс даўам етип атыр.

Бул қарасларды рус алымлары А.Абалкин, П.Бунич ҳәм басқалардың илимий ислеринде ушыратыў мүмкин. Олардың пикиринше кәрханалар пайдасынан алынатуғын салық ушын бирден-бир ставка енгизиў базар қатнасықларына өтип атырған мәмлекетлер ушын мақул ҳәм бирден-бир жол екенлигин атап өтеди. Бул пикирдиң дәлийли сыпатында бирден-бир ставканы енгизиўдиң төрт себебин ажыратып көрсетеди:

1) Хожалық механизминиң бирлиги;

2) Капиталды сарыплаў тараўларының салық қатнасықларына қарата теңлиги, бул капиталдың еркин ҳәрекет қылыўы ушын тийкар жаратады ;

3) Барлық кәрханалардың салық төлеўшилер сыпатында мәмлекет алдында тең ҳуқықлығы;

4) Базардағы бәсеки гүресинде шараятлардың теңглиги.

Базар экономикасы шараятында буған қарама-қарсы пикирлер де бар. Усындай пикирлерге көре, барлық кәрханалар ушын бирден-бир ставкада пайдадан салық алыў мақсетке муўапық емес. Кәрханалардың түрлише финанслық шараятта болған ҳәзирги ўақытта бирден-бир ставканы қоллаў кәрхананың финанслық зәрүрияты менен мәмлекет мәплери ортасында кескин қарама-қарсылықларды жүзеге келтиреди.

Раўажланған ҳәм раўажланып атырған мәмлекетлер салық системасына итибар қарататуғын болсақ, олардың әмелиятында салық ставкаларын классификацияланған ҳалда қолланылыўының гүўасы болыўымыз мүмкин.

Себеби, салыққа тартыўдың хошаметлеўшилик ролиниң жүзеге шығыўы тийкарынан үш көринисте болады. Булар салық жеңилликлерин әмелге асырыў (салық объектин кемейтиў), салық төлеўшилерди салықтан азат етиў ҳәм салық ставкаларын классификациялаў есапланады.

Салық ставкаларын белгилеў өлшемлери. 2--сызылма




Өзбекстан Республикасы салық системасында туўры салықлар ҳәм қыя салықлар әмел қылып, усы салық түрлери бойынша да классификацияланған салық ставкалары қолланылады (2-сызылма).

Сондай-ақ, туўры салықлардан бири есапланған бирден-бир салық төлеми киши бизнес субъектлери ушын айрықша салық түри болып, ол бойынша белгиленген салық ставкалары да классификцияланған. Бунда салық ставкасын классификциялаў өлшемлери тийкарынан кәрханалардың ислеп шығарыў тараўлары бойынша берилген. Яғный таярлаў ҳәм тәмийнат кәрханалары ушын 33 пайыз, санаат ҳәм басқа тараўлар ушын 6 пайыз, ал

саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары ушын 10 пайыз етип белгиленген. (1,2-кестелер). Улыўма алғанда салық ставкаларын классификациялаў салық системасының ең тийкарғы машқалаларынан бири болып, үлкен әҳмийетке ийе болған мәселе есапланады, себеби онда мәмлекет бюджети ҳәм салық төлеўшилердиң мәплери сәўлеленген.

Өзбекстан Республикасында бирден-бир салық төлеминиң енгизилиўи киши бизнес субъектлери ушын бир қанша жеңилликлер туўдырды.

Әлбетте, бирден-бир салық төлеминиң ставкаларының ҳәзирги көриниси бирден пайда болған жоқ. Бул мәмлекетимизде киши бизнес субъектлерин қоллап-қуўатлаў бойынша әмелге асырылып атырған реформалардың изшил әмелге асырылыўының нәтийжеси болып табылады.

Бирден-бир салық төлеми ставкасы динамикасы (% те). Диаграмма 1




Жоқарыдағы мағлыўматлардан көринип турғанындай, киши бизнес субъектлери ушын бирден-бир салық төлеми ставкалары жылдан-жылға пәсейип, 2005 жылдағы 13 пайыздан 2011 жыл 6 пайызға түсирилди.

Бирден-бир салық төлемин юридикалық тәреплер ғәрезсиз рәўиште, белгиленген салық ставкаларынан келип шығып есаплайды. Бирден-бир салық төлеми ставкалары 2011 жыл ушын Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2010 жыл 24 декабрьдеги ПҚ-1449- санлы қарары менен тастыйықланған болып, ол төмендегише классификацияланған:

**1-кесте**

**Микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар ушын (саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханаларынан тысқары) бирден-бир салық төлеми ставкалары**

| Қ | Салық төлеўшилер | | Салық ставкасы жалпы түсимге қарата % лерде |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | | 3 |
| 1 | Экономиканың барлық тармақлары кәрханалары, 2-7-бәнтлерде көрсетип өтилгенлеринен тысқары | | 6* |
| 2 | Компьютер дәстүрли өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм енгизиў товарлар (ис, хызметлер) реализациясы улыўма көлеминиң кеминде 80 пайызын қурайтуғын кәрханалар | | 5 |
| 3 | Бажыхана оәсмийлестириўи бойынша хызмет көрсетиўши юридикалық тәреплер (бажыхана брокерлери) | | 6 |
| 4 | Гастроль-концерт искерлиги менен шуғылланыў ушын лицензияға ийе болған юридикалық ҳәм физикалық тәреплерди (соның ишинде резидент емеслерди) тартыў жолы менен массалық тамаша шөлкемлестириўден дәрамат алатуғын кәрханалар | | 30 |
| 5 | Таярлаў ҳәм тәмийтат-сатыў шөлкемлери, брокерлик каноралар (6-бәнтте көрсетилгенлерден тысқары), сондай-ақ, дәлдәлшылық (тапсырма) шәртнамалары бойынша дәлдәлшылық хызметлери көрсететуғын кәрханалар | | 33** |
| 6 | Қымбат баҳалы қағазлар базарында брокерлик искерлигин әмелге асыратуғын кәрханалар | | 13** |
| 7 | Азық-аўқат ҳәм азық-аўқат емес өнимлерди сатыў ушын стационар саўда орынларын ижараға бериўге (ижараға бериўден алынған пайда жалпы пайданың 60 пайызынан кем болмаған ҳалда) | | 30 |
| 8 | Өзи ислеп шығарған товарлар (ислер, хызметлер) экспортының үлеси (ислер орынланған ҳәм хызметлер көрсетилген орынға қарамастан) еркин алмастырылатуғын валютада төмендегилерди қураўшы кәрханалар ушын (Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1997 жыл 10 октябрьдеги ПП-1871-санлы пәрманында дизими келтирилгенлерден басқа): | | |
| | сатыўдың улыўма көлеминен 15 пайыздан 30 пайызға шекем | | белгиленген ставка 30%ке *песейтирил би* |
| | сатыўдың улыўма көлеминен 30 пайыз ҳәм оннан артық пайызды | | белгиленген ставка 50%ке *песейтирил би* |
| 9 | Хызмет көрсетиў тараўы кәрханалары ушын пластик карталардан қолланылған ҳалда төленген көрсетилген хызметлер көлеми бойынша | | белгиленген ставка 10%ке *песейтирил би* |

*) лизинг компаниялары ушын лизинг бериўшиниң дәраматына қарата

пайызларда (маржа).

**) ҳақ (жалпы дәрамат) суммасына қарата пайызларда

**2-кесте**

**Саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары ушын бирден-бир салық төлеми ставкалары**

| № | Салық төлеўшилер | Салық ставкасы жалпы түсимге қарата % лерде |
|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 |
| 1 | Улыўма аўқатланыў кәрханалары | 10 |
| | Соның ишинде: | |
| | Улыўма билимлендириў мектеплери, мектеп-интернатлар, орта-арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларына хызмет көрсетиўге қәнийгелестирилген улыўма аўқатланыў кәрханалары | 6 |
| 2 | Төмендеги жерлерде жайласқан саўда кәрханалары (4-бәнтте көрсетилгеннен басқа) ушын: | |
| | Халық саны 100 мың ҳәм оннан көп болған қалаларда | 4 |
| | Елатлы пунктерде | 2 |
| | Шетки ҳәм таўлы районларда | 1 |
| 3 | Көтере саўда кәрханалары (4-бәнтте көрсетилгеннен басқа) | 5 |
| 4 | Төмендеги жерлерде жайласқан көтере ҳәм усақлап сатыў аптекалар: | |
| | Халық саны 100 мың ҳәм оннан көп болған қалаларда | 3 |
| | Елатлы пунктерде | 2 |
| | Шетки ҳәм таўлы районларда | 1 |
| 5 | 1, 2, 4- бәнтлерде көрсетилген (Көтере саўда аптекаларынан басқа) кәрханалар ушын пластик карталардан қолланылған ҳалда төленген саўда көлеми бойынша | белгиленген ставка 10%ке *песейтирил еби* |

Жоқарыдағы кестелерден көринип турғанындай, бирден-бир салық төлеўшилер есапланған микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар, сондай-ақ саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары ушын салық ставкаларының

пәсейиў тенденциясын көриўге болады.

Белгили болғанындай, усы жылдың «Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы» деп белгилениўи бул тараўдағы ислерди жаңа басқышқа алып шықты. «Киши бизнес ҳәм исбилерменлик жылы» мәмлекетлик дәстүрде киши бизнес субъектлери ушын бир қатар жаңа жеңилликлер ҳәм преференциялар нәзерде тутылғанын есапқа алсақ, киши бизнес субъектлерине салық ставкаларын пәсейтиў арқалы жеңилликлер бериў еле де даўам еттирилиўи сөзсиз деп есаплайман.

**2. Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа**

**тартыў арқалы ретлестириў**

## 2.1 Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың әпиўайыластырылған формасы- бирден-бир салық төлеми

Экономикалық реформаларды еле де еркинлестириў ҳәм тереңлестириў процессинде киши бизнести раўажландырыў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, базар экономикасына өтиў шараятында жеке исбилерменлик, киши бизнести раўажландырыў, мүлкдарлар классын қәлиплестириў, базарларды товарлар менен толдырыў, бәсекини жүзеге келтириў, жумыссызлыққа шеек қойыў мәмлекет алдында турған ўазыйпалардан есапланады.

Салыққа тартыў системасында алып барылып атырған реформалардың әҳмийетли бағдарларынан бири болып, киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў механизмин жетилистириў болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1998 жыл 15-апрельдеги 159-санлы «Киши кәрханалара ушын әпиўайыластырылған салыққа тартыў системасына өтиўди қоллаў ҳаққында» ғы қарарына муўапық, микрофирма ҳәм киши кәрханалар салыққа тартыўдың улыўма белгиленген тәртибинен әпиўайыластырылған, салық режимине өткерилди. Бунда киши кәрханалар ушын бирден-бир салық төлеў яки улыўма белгиленген тәртипте салық мәжбүриятларын орынлаў ихтиярый екенлиги белгиленди. Киши кәрханалар ушын бирден-бир салықтың орнатылыўы салық есап-китабын дүзиўди жеңиллестиреди ҳәм де олар бир неше салық түри орнына тек ғана бирден-бир салық бойынша салық инспекцияларына салық есап-китабын тапсырыў имканиятына ийе болды. Нәтийжеде кәрхана есапшыларының жумысы әдеўир жеңиллести.

Микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларды жедел раўажландырыўды еле де қоллап-қуўатлаў ҳәм де оның мәмлекет экономикасындағы әҳмийети ҳәм үлесин туптен асырыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005 жыл 20 июньдеги ПП-3620-санлы «Микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларды раўажландырыўды қоллап-қуўатлаў бойынша қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы Пәрманына муўапық 2005 жыл 1 июльден баслап

Өзбекстан салық системасында киши бизнес субъектлериниң айырым түрлери ушын бирден-бир салық төлеми енгизилди.

Ол бирдейлестирилген болып, төмендеги мәжбүрий төлемлерди төлеў орнына енгизилген:

- бирден-бир салық;
- бюджеттен тысқары Пенсия фонды;
- Республика жол фонды;
- Мектеп тәлимин раўажландырыў фондына мәжбүрий ажыратпалар.

Бирден-бир салық төлемин төлеўшилер оның суммасын салық салынатуғын база ҳәм тастыйықланған ставкалардан келип шыққан ҳалда есап-китап қылады. Бунда салық органларына мәмлекетлик мақсетли фондларға мәжбүрий ажыратпалар бойынша есап-китаплар бөлек усынылмайды, сондай-ақ пенсия, жол ҳәм мектеп тәлимин раўажландырырыў фондларына мәжбүрий ажыратпалар суммалары бөлек төленбейди.

Бирден-бир салық төлеми тек ғана киши бизнес субъектлери-микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларға қолланылады.

Бирден-бир салық төлемин төлеўшилер дизими 2007-жылы 1-январьдан баслап кеңейди. Атап айтқанда, олар қурамына салық салыўдың басқа системасын таңлаў ҳуқықысыз саўда ҳәм улыўма аўқатланыў кәрханалары (Көтере саўда кәрханалары шөлкеми қурамына кириўши республика қәнийгелестирилген улгуржи база – конторалары ҳәм олардың аймақлық базаларынан тысқары. Олар ушын Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2006-жылы 8-июньдеги «Қәнийгелестирилген улгуржи база – конторларын салыққа тартыў тәртибин жетилистириў ҳаққында»ғы ПҚ-374-сан қарары менен нәзерде тутылған салық салыў тәртиби сақлап қалынды); микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар түрине тийисли болған таярлаў ҳәм тәмийнат- сатыў шөлкемлери, брокерлик фирмалары, комиссия шәртнамасы (тапсырмасы) бойынша хызметлер көрсетиўши кәрханаларҳәм шөлкемлер; салық салыўдың басқа системасын таңлаў ҳуқықысыз лотереялар ҳәм

тәўекелшиликке тийкарланған басқа ойынларды шөлкемлестириў бойынша искерликти әмелге асырыўшы юридикалық тәреплер киритилди.

2007-жылы 1-январьдан баслап бирден-бир салық төлеўшилери есапланған алкоголь өнимлерин ислеп шығарыўшы микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар бирден-бир салық төлемин төлеў ҳуқықысыз, салықлар ҳәм мәжбүрий төлемлерди улыўма белгиленген тәртипте төлеўге өткерилди. Жер қазылмаларынан пайдаланғанлық ушын салық салынатуғын пайдалы қазылмаларды қазып алыўды әмелге асырыўшы микрофирма ҳәм киши кәрханаларға бирден-бир салық төлеми қолланылмайды. Буннан тысқары салық кодексиниң 350-статьясына муўапық бирден-бир жер салығын төлеўшилерге, қатаң белгиленген салықты төлеў нәзерде тутылған микрофирма ҳәм киши кәрханаларға ҳәм де өним бөлистирилиўине тийисли болған шәртнамалар қатнасшысы болған микрофирма ҳәм киши кәрханаларға да бирден-бир салық төлеми қолланылмайды.

Салықлар ҳәм мәжбүрий төлемлерди улыўма белгиленген тәртипте төлеўшилер есапланған жеке әмелият пенен шуғылланатуғын нотариуслар болса салық салыўдың басқа тәртибин таңлаў ҳуқықысыз бирден-бир салық төлемин төлеўге өткерилди.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2003 жыл 30 августтағы «1998-жылы 9-апрельдеги «Жеке исбилерменлик,киши ҳәм орта бизнести раўажландырыўды еле де қоллап-қуўатлаў ис-иләжлары ҳаққында»ғы пәрманына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы ПП-3305 санлы пәрманына муўапық 2004-жылы 1-январьдан баслап киши бизнес субъектлери қурамына төмендегилер киритилген:

- жеке тәртиптеги исбилерменлер;
- Ислеп шығарыў тармақларындағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен жигирма адам, хызмет көрсетиў тараўындағы ҳәм басқа ислеп шығарыў менен байланыслы болмаған тараўлардағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен он адам, көтере ҳәм усақлап сатыў ҳәм де улыўма аўқатланыў тармақларындағы

бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен бес адам болған микрофирмалар;

Төмендеги тараўлардағы:

- женил ҳәм азык-аўқат санаатындағы, металға ислеў бериў ҳәм әсбапсазлық, ағашсазлық, мебель санааты ҳәм де қурылыс материаллары санаатындағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен жүз адам;
- машинасазлық, метоллургия, жанылғы-энергетика ҳәм химия санааты, аўыл-хожалық өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм қайта ислеў, қурылыс ҳәм де басқа санаат ислеп шығарыў тараўларындағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен елиў адам;

- пән, илимий хызмет көрсетиў, транспорт, байланыс, хызмет көрсетиў тараўлары (қамсызландырыў компанияларынан тысқары), саўда ҳәм улыўма аўқатланыў ҳәм де басқа ислеп шығарыў менен байланыслы болмаған тараўлардағы, бәнт болған хызметкерлердиң орташа жыллық саны көби менен жигирма бес адам болған киши кәрханалар.

Киши бизнес субъектлерине әмелдеги салық нызамшылығына муўапық салық жеңилликлер ҳәм преференциялар тек ғана жоқарыдағы санап өтилген субъектлерге қолланылады.

Ол яки бул кәрхананың жоқарыда айтылған субъектлер түриниң қәлеген биреўине киритилиў мийзаны болып хызметкерлердиң жыллық орташа саны, соның ишинде унитар кәрханаларда, филиалларда ҳәм ўәкилханаларында ислейтуғынлар саны есапланады.

Бирден-бир салық төлеми объекти (салық салынатуғын оборот) болып, жалпы түсим есапланады.

Төмендегилер жалпы түсим қурамына киритиледи:

1) товарларды (ислерди, хызметлерди), қосылған қун салығын алып таслаған ҳалда, (қосылған қун салығын төлеўге өткен микрофирма ҳәм киши кәрханалар ушын) сатыўдан түскен түсим суммасы.

Товарларды (ислерди, хызметлерди) сатыўдан түскен түсим дегенде

төмендегилер түсиниледи :

- қурылыс, қурылыс-монтаж, оңлаў-қурылыс, иске түсириў-сазлаў, проектлеў-излеў ҳәм илимий-изертлеў кәрханалары ушын өним (ислер, хызметлер) сатылыўынан түскен түсим суммасы дегенде өз күшлери менен орынланатуғын ислер көлеминен келип шығып есапланған жалпы түсим түсиниледи ;

- лизинг компаниялары ушын өним (ислер, хызметлер) сатылыўынан түсим суммасы дегенде лизинг бойынша пайызлы дәраматлар түсиниледи;

- дәлдәлшылық ҳәм тапсырма шәртнамалары ҳәм де дәлдәлшылық хызметлери көрсетиўге тийисли басқа шәртнамалар бойынша дәлдәлшылық хызметлери көрсететуғын юридикалық тәреплер ушын – көрсетилген хызметлер ушын пул сыйлығы суммасы;

- таярлаў ҳәм тәмийнат- сатыў шөлкемлери ушын – реализация қылынған товарлардың сатып алыў баҳасы менен сатыў баҳасы ортасындағы айырмашылық сыпатында есаплап шығарылған жалпы дәрамат;

- лотерея ойынларын шөлкемлестириў бойынша искерликти әмелге асырыў шеңберинде юридикалық тәреплер ушын – ойын билетлерин оларда көрсетилген баҳа бойынша тарқатыўдан түскен түсим.

2) Тийкарғы искерликтен басқа дәраматлар.

Төмендегилер тийкарғы искерликтен басқа дәраматларға киритиледи:

а) өндирилген яки қарыздар төлеген жәриймалар, пенялар ҳәм де хожалық шәртнамаларының шәртлерин бузғаны ушын басқа жаза түрлери, сондай-ақ жеткерилген зыянда қаплаў бойынша дәраматлар;

б) есабат жылында анықланған, өткен жыллардағы дәраматлар;

в) микрофирма ҳәм киши кәрханалар қасындағы асханалардан түсимлер, жәрдемши хызметлерден дәраматлар сыяқлы туўрыдан-туўры өним (ислер, хызметлер) ислеп шығарыў ҳәм сатыў менен байланыслы болмаған операциялардан дәраматлар;

г) микрофирма ҳәм киши кәрхананың тийкарғы фондлары ҳәм басқа мал-мүлкин сатыўдан дәраматлар;

д) кредиторлық ҳәм дебеторлық қарзын нызам менен белгиленген тәртипте есаптан шығарыўдан алынған дәраматлар;

е) товар-материаллық байлықларды қосымша баҳалаў. Товар-материаллық байлықларды қосымша баҳалаў суммасы өним (ислер, хызметлер) сатылыўына қарап салық салынатуғын жалпы түсимге киритиледи;

ж) бийғәрез финанслық жәрдем, сондай-ақ бийғәрез алынған мал-мүлк;

з) басқа операцион дәраматлар.

3) финанслық искерликтен алынған дәраматлар.

Финанслық искерликтен алынған дәраматлар қурамына төмендеги дәраматлар киритиледи:

а) алынған роялти;

б) Өзбекстан Республикасы аймағы ҳәм оннан тысқарыда басқа хожалық жүритиўши субъектлер искерлигинде үлесли қатнасыўдан алынған дәраматлар, акциялар бойынша дивидендлер ҳәм де микрофирма ҳәм киши кәрханаға тийисли болған облигациялар ҳәм басқа қымбатлы қағазлар бойынша дәраматлар;

в) мал-мүлкти узақ мүддетли ижара (лизинг)ке бериўден дәраматлар (маржа);

г) шет ел валютасындағы операциялар бойынша курсдағы айырмашылықтан дәраматлар;

д) қымбатлы қағазлар, унитар кәрханалар ҳәм басқаларға қойылған қаржыларды қайта баҳалаў өткериўден дәраматлар ;

е) Финанслық искерликтен алынатуғын басқа дәраматлар.

4) Айрықша дәраматлар.

Товарлар (хызметлер көрсетиў, ислер орынлаў) бийпул берилгенде салық салыў объектине олардың баҳасы да киритиледи, бул баҳа оларды илеп шығарыўға кеткен қәрежетлерден, мал-мүлк бийпул берилгенде балансна көрсетилген қалдық баҳадан келип шығып белгиленеди.

Салық кодексине муўапық салық салынатуғын жалпы түсим есаплап

шығылғанда төмендегилер жалпы түсим сыпатында қаралмайды:

1) устав фондына (устав капиталына) алынған үлеслер, соның ишинде акцияларды (үлеслерди) жайластырыў баҳасының олардың номинал баҳасынан (дәслепки муғдарынан) артық суммасы, әпиўайы ширкет шартамасы бойынша биргеликтеги искерликти әмелге асырыў ушын бирлестирилген қаржылар ;

2) акционерлер (қатнасшылар) қурамынан шыққанда, сондай-ақ юридикалық тәрептиң мал-мүлки оның акционерлери ортасында бөлистирилгеде устав фондына үлеслер шеңберинде алынған қаржылар (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықлар);

3) шәртнама дүзиўшилери (қатнасшылары) улыўма мүлктеги үлеси қайтарып берилген яки бундай мал-мүлк бөлинген тәғдирде, әпиўайы ширкет шартнамасы шериги (қатнасшысы) тәрепинен үлеси муғдарында алынған қаржылар (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықлар);

4) реализация қылынатуғын товарлар (ислер, хызметлер) ушын алдыннан ҳақ төлеў (бунак) формасында басқа шахслардан алынған қаржылар (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықлар);

5) мүлк ҳуқықы оларға өткен ўақытқа шекем мәжбүриятларды нызам ҳүжжетлерине муўапық тәмийинлеў сыпатында гиреў яки закалат формасында алынған қаржылар (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықлар);

6) бюджеттен берилген субсидиялар;

7) егер қаржыларды (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықларды) өткериў, ислер орынлаў, хызметлер көрсетиў Өзбекстан Республикасы Президенти яки Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарары тийкарында әмелге асырылса, бийпул алынған қаржылар (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықлар), ислер ҳәм хызметлер;

8) алынған грантлар;

9) акциянерлик – юридикалық тәрептиң өткен жыллардың

бөлистирилген пайдасы устав фондын (устав капиталын) көбейтиўге бағдарланғанда қосымша акциялардың баҳасы яки акциялардың номинал баҳасын көбейтиў формасында алынған дәраматлары;

10) қамсызландырыў шартнамалары бойынша қамсызландырыў төлеми (қамсызландырыў суммасы) формасында алынған қаржылар;

11) дәлдәлшыға яки басқа исенимли ўәкилге дәлдәлшылық ҳәм тапсырма шартнамалары яки дәлдәлшылық хызметлер көрсетиўге тийисли басқа шартнамалар бойынша мәжбүриятларды орынлаў бойынша, сондай-ақ дәлдәлшы яки басқа исенимли ўәкил тәрепинен комитент ямаса өзге исенимли шахс ушын әмелге асырылған қәрежетлерди қаплаў есабынан түскен мал-мүлк (пул сыйлығынан тысқары);

12) объект баҳасының ижараға бериўши (лизинг бериўши) тәрепинен алынған ижара (лизинг) төлеминиң бир бөлеги формасында қапланыўы;

13) телекоммуникациялар тармақларында оператив-қыдырыў иләжлары системасының бийпул алынған техник қураллары, сондай-ақ усы қураллардан пайдаланыўға ҳәм оларға хызмет көрсетиўге тийисли хызметлер;

14) ихтиярый сапластырылған исбилерменлик субъектиниң акционерлеринен (қатнасшыларынан) олардың мәжбүриятларын орынлаў ушын алынған қаржылар. Ихтиярый сапластырыў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген мүддетлерде сапластырылмаған яки сапластырыў тәртип-қағыйдалары тоқтатылған ҳәм искерлик қайта тикленген тәғдирде усы қаржылар салық салыў объектине киритиледи ҳәм оларға салық салыныўы лазым;

15) инвестор менен мәмлекет мүлкин басқарыў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик орган ортасында дүзилген шартнамаға муўапық инвестиция мәжбүриятлары сыпатында киритилген мал-мүлк.

Баланстың валюта бөлимин қайта баҳалаў ўақтында курстағы унамлы

ҳәм унамсыз айырмашылықлар ортасындағы сальдо салыққа тартыў объекти есапланады. Унамсыз курс айырмашылығы суммасы унамлы курс айырмашылығы суммасынан артық болғанда асып кеткен сумма бирден-бир салық төлемин есаплап шығарыўда салық салынатуғын базаны кемейтеди.

Төмендеги микрофирма ҳәм киши кәрханалар бирден-бир салық төлемин төлеўден толық азат етиледи:

- нәгиранлардың жәмаат бирлеспелери, «Нуроний» фонды ҳәм «Өзбекстан чернобильшылары» бирлеспусиниң мүлки болған, ислеўшилердиң улыўма санының кеминде елиў пайызын нәгиранлар, 1941-1945 жыллардағы урыс ҳәм мийнет фронты ветеранлары дүзген кәрханалар (саўда, дәлдәлшылық, тәмийнат-саўда ҳәм таярлаў искерлиги менен шуғылланыўшы кәрханалардан басқа);

2005-жылы 1-июльден баслап бирден-бир салық төлемин төлеўшилер микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларға төмендеги преференциялар нәзерде тутылады:

1) илгери киши бизнес субъектлерине бирден-бир салық бойынша берилген жеңилликлерден пайдаланыў ҳуқықы. Бул оны төлеўден толық азат етиўге қарата да, салық ставкасын пәсейтириўге қарата да белгилиенеди ;

2) бирден-бир салық төлемин төлеў мүддетин бир жылға кешиктириў, кешиктирилген сумманы имтиязлы дәўир тамам болғаннан кейин тең үлеслерде 12 ай даўамында төлеў ҳуқықы. Усы тәртип тек ғана жаңа шөлкемлестирилген (2005-жылдың 1-июлинде ҳәм оннан кейин дизимге алынған) микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларға қолланылады;

3) нызам ҳүжжетлерине муўапық ижараға алынған жер майданлары ушын бюджетке ижара ҳақын төлемеслик ҳуқықы.

Салық системасына бирден-бир салық төлеминиң киритилиўи киши бизнес субъектлерин ҳәм микрофирмаларды салыққа тартыў әмелиятын еле де әпиўайыластырды.

Президентимиз Ислам Каримовтың 2010-жылда мәмлекетимизди социал-экономикалық раўажландырыў жуўмақлары ҳәм 2011-жылға

мөлжелленген ең зәрүр бас бағдарларына бағышланған Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянатында жалпы ишки өним қурамында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң үлеси жылдан жылға көбейип баратырғанлығы айтып өтилди. Бул киши бизнестиң күнделикли турмысымыздың ажыралмас бөлегине айланып баратырғанлығының дереги болып табылады.

## 2.2 Салық жеңилликлери исбилерменликти ийтермелеўши күш

**сыпатында.**

Дүнья салық системасының тийкарғы ҳәм ажыралмас компонентлеринен бири – бул салық жеңилликлери болып табылады. Ҳәр қандай мәмлекет оның хожалық жүритиўши системасы қандай болыўына қарамастан мәмлекет бюджетин дәраматлар менен тәмийинлеўде тийкарғы қураллардан бири бул салықлар ҳәм салықсыз төлемлер. Бирақ енгизилген салықлар сап фискал формада орнатылыўы мүмкин емес. Себеби тек бюджет мәплерин гөзлеп орнатылған салықлардың әмел қылыўы узақ ўақытқа созылмайды. Сол себебли белгили дәрежеде салық жеңилликлеринен пайдаланыў жүзеге келеди.

Салық системасында салық жеңилликлеринен пайдаланыўдың бир қатар объектив социал-экономикалық себеплери бар болып, олар төмендегилер:

Биринщиден, салық жеңилликлериниң бар екенлигиниң тийкарғы себеплеринен бири бул салық төлеўшилердиң жәмийетте тутқан орны, социаллық жағдайы түрли екенлиги. Усы көз-қарастан ҳәммеге бир қыйлы тәртипте салық салыў мазмунға ийе болмайды;

Екинщиден, мәмлекет экономикасына тәсир етиў арқалы оның тәртипке салыў ўазыйпасын әмелге асырып, бунда түрли дәстеклерден пайдаланады. Бул дәстеклердиң тийкарғыларынан бири бул жәмийеттеги айырым керекли тараўларды яки салық төлеўшилердиң искерлигин қоллап-қуўатлаў мақсетинде салық жеңилликлери белгиленеди. Яғный, мәмлекет салық жеңилликлери арқалы экономиканы нәтийжели ҳәм қолай басқарыў яки тәртиплестириў имканиятына ийе болады, буннан көринип турғанындай, салық жеңилликлери мәмлекеттиң өз функция ҳәм ўазыйпаларын жүзеге шығарыўшы зәрүр дәстек сыпатында характерленеди ;

Ушинщиден, салық жеңилликлери қолланылыўының тийкарғы себеплеринен бири бул миллий дәраматты қолай, нәтийжели ҳәм ақылға сай бөлистириўге ерисиўден ибарат. Яғный, буннан салықлар сыпатында бюджетке өндирилиўи лазым болған финанслық ресурслар жеңилликлер

бериў себепли бюджетке өндирилместен, салық төлеўшилердиң өзлерине мақсетли рәўиште қалдырылады. Буның қолайлы тәрепи сонда, салық төлемлерин бюджетке алыў ҳәм оны қайта бөлистириў ислерин жеңиллестиреди ҳәм искерлик түрлерин хошаметлеўге ерисиледи.

Базар экономикасы шараятында салық реформаларын нәтийжели жүритиў мақсетинде салықлар арқалы ретлестириў, олар бойынша салық жеңилликлерин қоллаў, экономиканың түрли тараўларын бир тегис раўажланыўын тәмийинлеў менен байланыслы иләжлар әмеле асырылады. Мәмлекет салық жеңилликлерин қоллаў арқалы экономиканың түрли тараўларына түрлише тәсир көрсетеди, яғный айырым рентабел ҳәм рентабел емес тараўлар ортасындағы теңсалмақлықты тәмийинлеў машқаласы жүзеге келеди.

Соны айтып өтиў керек, салық жеңилликлери туўралы түрли пикирлер бар. Салық жеңилликлериниң мазмунын толығырақ аңлап жетиў ушын бир қатар пикирлерди көрип өтейик.

Қ.Яҳёев пикирине муўапық «Салық төлеўшини салықтан азат етиў, олар төлейтуғын салық муғдарын (салық базасын) кемейтиў яки салық төлеў шәртин жеңиллестириў салық жеңилликлери болып табылады»[6]. Ш.Гатаулин салық жеңилликлерине төмендегише тәрий береди: «Салық жеңилликлери әмелдеги нызамларға муўапық түрде салықлардан толық яки қысман азат етиў (скидкалар, шегирип таслаўлар ҳ.т.б.)»[7].

Т.Маликовтың пикиринше салық жеңилликлери дегенде салық төлеўшиниң салық мәжбүриятлары көлеминиң толық яки қысман қысқарыўы, төлеў мүддетиниң кешиктирилиўи түсиниледи. Салықлардың хошаметлеўшилик функциясы салық жеңилликлери системасы арқалы әмелге асырылады. Салық жеңилликлери салыққа тартыў объектиниң өзгериўинде, салыққа тартыў базасының кемейиўинде (қысқарыўында), салық ставкаларының пәсейтирилиўинде ҳәм басқаларда өз көринисин

---

[6] Яҳёев Қ. Солиқ. Т.: «Меҳнат», 1997 й. 20-бет.

[7] Гатаулин Ш. Солиқлар ва солиққа тортиш. Т.: 1996 й. 74-бет.

табады. Салыққа тартылмайтуғын объект минимумы, салық төлеўшилердиң айырым топарларын салық төлеўден азат етиў, салыққа тартыў объектинен айырым элементлерди шығарыў, салық ставкаларын пәсейтиў, мақсетли салық жеңилликлери, салық кредитлери (салықлардың өндирилиўин кешиктириў) ҳәм басқа салық жеңилликлери көринисинде болады. Мәселен, бирден-бир салық төлеми бойынша салық жеңилликлери ислеп шығарыўды кеңейтиў ҳәм үй-жай қурылысын раўажландырыў қәрежетлерин қаржыландырыўды, исбилерменликтиң киши формаларын, нәгиранлар ҳәм пенсионерлердиң бәндлигин тәмийинлеўди, социаллық, мәдений ҳәм тәбиятты қорғаў тараўларын қоллап-қуўатлаўға қаратылған. Индивидуал характергеа ийе болған салық жеңилликлерин бериў, әдетте, қадаған етиледи[8].

Салықлардың ҳәм олар бойынша берилетуғын салық жеңилликлериниң бар екенлиги бәрҳулла мәмлекеттиң пайда болыўы менен байланысып келген.. Уллы Саҳибқиран Амир Темур тузуклеринде айтылыўынша «Салықлар мәмлекетииң экономикалық таянышы ҳәм ҳәрекет етиўи»[9].

Экономиканы мәмлекет тәрепинен тәртипке салыўдың басқа дәстеклери қатарында салық сиясаты талап ҳәм усыныс ортасындағы теңсалмақлылыққа ерисиў арқалы экономикада турақлы раўажланыўға қаратылған. Батыс экономистлери салық жеңилликлери системасының әҳмийетин мәмлекет искерлигин әмелге асырыў ушын зәрүр финанслық қаржылар менен тәмийинлеў сыпатында сәўлелениўши фискал ўазыйпа менен шеклеп қоймайды. Олардың салық жеңилликлери теориясында салықларды тәртипке салыў ўазыйпасына үлкен итибир береди. Салықлар мәмлекет тәрепинен экономиканы тәртипке салыўдың әҳмийетли қуралы сыпатында хожалық жүритиўши субъектлердиң экономикалық искерлигине тәсирин сәўлелендиреди. Бирақ, бунда салық жеңилликлери тийкарғы қурал сыпатында қаралыўы нәзерде тутылған.

---

[8] Маликов Т. Солиққа тортишнинг долзарб масалалари. Т.: 2000 й. 76-бет.
9 Темур тузуклари. Т.: «Чўлпон», 1991 й. 98-бет.

Салық жеңилликлерин белгилеў тийкарында ислеп шығарыўды қоллап-қуўатлаў, шет ел инвестициялары кирип келиўин тәмийинлеў, социаллық қорғаўды шөлкемлестириў, түрли тараўларды раўажландырыўға актив тәсир етиў машқаласы жатады. Усы орында салық жеңилликлерин белгилеў тийкарлары халық-аралық салық қатнасықларына сай келиўи ҳәм халық-аралық экономикалық қатнасықларда мәмлекеттиң актив қатнасыўында тез масласыўшы болыўы лазым.

Базар қатнасықлары шараятында экономиканы тәртиплестириў ҳәм басқарыў процессинде бир қатар усылларынан пайдаланылып, бунда салық системасының салық ставкалары ҳәм жеңилликлеринен пайдаланыў ең нәтийжели ҳәм аңсат усылларынан бири болып жүзеге шығады.

Салық жеңилликлеринен ислеп шығарыў процессин басқарыўда, инвестицияларды хошаметлеўде ҳәм басқаларда кең пайдаланылады.

Салық жеңилликлери қоллап-қуўатлаў ҳәм нәтийжели қолланылыўына қарап төмендеги көринислерде сәўлелениўи мүмкин:

- салықлардан пүткиллей азат етиў;
- жаңа шөлкемлестирилген кәрханаларға имтиязлар бериў;
- салық төлеўден ўақытша азат етиў;
- салыққа тартылатуғын базаны кемейтиў;
- салықтан қысман азат етиў;
- сырт ел инвестицияларына жеңилликлер бериў;
- экспортқа жеңилликлер бериў ҳәм басқалар.

Салық жеңилликлери жәрдеминде экономиканы басқарыў, мәмлекеттиң сондай искерлиги менен байланыслы, ол қайта ислеп шығарыў процессинде пайда болатуғын теңсалмақсызлықты жоғалтыў ушын шараят жаратады. Басқаша қылып айтқанда, егер салықлардың айырым системасы ислеп шығарыўды тәртипке салыўдың мәмлекет стратегиясын анықласа, тактикасы салық жеңилликлери арқалы әмелге асырылады. Салық жеңилликлерин салық субъекти, салық объекти, салықларды өндириў қураллары, мүддетлери бойынша бир неше топарларға (түрлерге) бөлиў мүмкин.

Белгили болғанындай, Өзбекстан Республикасы салық системасының ҳуқықый базасы жетилистирип барылмақта . Ҳәзирге шекем қабыл қылынған барлық салыққа тийисли нызам ҳүжжетлерине итибар қарататуғын болсақ, олардың барлығында салық жеңилликлерин белгилеў бойынша улыўма уқсаслықлар бар екенлигин көремиз. Яғный, барлық нызам ҳүжжетлеринде салық түрлери бойынша салық жеңилликлери тийкарынан киши бизнес субъектлерин қоллап-қуўатлаўға қаратылған болып, төмендеги формада сәўлеленбекте:

- салықтан пүткиллей азат етиў ;
- салықтан ўақытша азат етиў ;
- салық базасын кемейтиў формасында берилген.

Өзбекстан Республикасы Салық Кодексинде, басқа нызамларда ҳәм Өзбекстан Республикасы Президенти Қарарларында белгиленген салық жеңилликлерин төмендегише топарлаў мүмкин (3- сызылма).

3-кестеден көринип турғанындай, Өзбекстан Республикасы салық нызамшылығында салық жеңилликлериниң ең соңғы түри бул салық салыў усылын таңлаў ҳуқықы. Бул салық жеңиллиги тек ғана Салық Кодексине муўапық берилген болып, әўелги салық нызамшылығында бул жеңиллик нәзерде тутылмаған еди. Бул жеңиллик түриниң мазмуны тийкарынан киши бизнес субъектлерине салық салыўдың ол яки бул түрин таңлаў ҳуқықы берилгенлиги менен сәўлеленеди.

Базар экономикасына өтиў шараятында салыққа тартыў системасын жетилистирип барыўда, сырт ел мәмлекетлеринде салық ставкаларының қолланыў механизминен пайдаланыў, салықларды толық ҳәм өз ўақтында келип түсиўин қадағалаў тәжирийбелерин үйрениў мақсетке муўапық болар еди.

## **Салық жеңилликлери түрлери.** (3-сызылма)




Ислеп шығарыў процессин басқарыўда, инвестициялар, илимий изертлеў ҳәм тәжирийбе конструкторлық жумысларды қоллап-қуўатлаў ҳәм тәртипке

салыўда мәмлекет тәрепинен салық жеңилликлеринен кең пайдаланылады. Салық жеңилликлери киши бизнес ҳәм исбилерменликтиң раўажланыўына унамлы тәсир етеди.

Салық жеңилликлерин қоллаў механизминдеги ең машқалалы процесс бул салық жеңилликлерин белгилеў өлшемлерин әдил түрде белгилеў болып табылады. Бирақ, сонны атап өтиў керек, салық жеңилликлерин белгилеў дүнья тәжирийбесинде ҳәр бир мәмлекеттиң экономикалық сиясатының мазмунынан келип шығып белгиленеди ҳәм сол себепли ол түрли мәмлекетлерде түрлише болады.

Өзбекста Республикасы салық нызамшылығына муўапық салық жеңилликлерин белгилеў белгили бир өлшемлер тийкарында әмелге асырылған.(4- сызылма)

**Салық жеңилликлерин белгилеў өлшемлери 4- сызылма**




Салық жеңилликлери салық төлеўшилердиң жәмийетлик жағдайына, қайсы тараўды раўажландырыў зәрүрлигине, салық төлеўшилердиң импорт

орнын басатуғын өним ислеп шығарыў ҳәм өнимди экспорт қылыў дәрежесине ҳәм де мәмлекетлер ортасындағы халық-аралық экономикалық қатнасықларға тийкарланып белгиленеди. Салық жеңилликлериниң өлшемлерин туўры, объектив анықлаў салықлардың әдәлатлылық принципиниң сәўлелениўи сыпатында жүзеге шығады.

## 2.3 Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдағы жаңалықлар

Киши бизнес ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў экономиканы турақлы раўажландырыўдың зәрүр факторы есапланады. Сол себепли мәмлекетимизде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти еле де раўажландырыў мәмлекетимиз сиясатының тийкарғы бағдарларынан бири есапланады. Усы жылдың «Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы» деп белгилениўи бул тараўдағы ислерди жаңа басқышқа алып шықты. Мәмлекетимиз Президенти тәрепинен 2011 жыл 7-февральда қабыл қылынған «Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы» мәмлекетлик дәстүр ҳаққындағы қарарда бул тараў ушын салық ҳәм басқа төлемлер бойынша еле де қолай шәрт-шараятлар жаратыў, жеңилликлер ҳәм преференциялар бериў, финанс, салық ҳәм статистика органларына есабатлар тапсырыў системасын жетилистириўге тийисли зәрүр ўазыйпалар белгиленген.

«Киши бизнес ҳәм исбилерменлик жылы» мәмлекетлик дәстүрде киши бизнес субъектлери ушын бир қатар жаңа жеңилликлер ҳәм преференциялар нәзерде тутылған. Атап айтқанда, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлер ушын салық ҳәм басқа төлемлер бойынша еле де қолай шәрт- шараятлар жаратыў, жеңилликлер ҳәм преференциялар бериў, есабатлар системасы ҳәм финанс, салық ҳәм статистика органларына есабатлар тапсырыў механизмин жетилистириў ҳәм унификауиялаў ҳәм тағы басқаларға айрықша итибар берилген.

Бул процессте салық жеңилликлери айрықша орын тутады. 2011-жылы 1-январьдан баслап микрофирма ҳәм киши кәрханалар, яғный киши бизнес субъектлери ушын бирден-бир салық төлеми ставкасы 7 пайыздан 6 пайызға түсирилгени, салыққа тартыўдың әпиўайыластырылған системасының басқышпа-басқыш енгизилип атырғанлығы исбилерменликтиң раўажланыўында үлкен орын ийелемекте.

2012 жыл 1 январьға шекем, мәмлекетимиздеги 15 түрдеги азық-аўқат емес тутыныў товарларын ислеп шығарыўға қәнийгелестирилген микрофирма ҳәм киши кәрханалар пайда салығы, мүлк ҳәм бирден-бир салық

төлеўден азат етилди. Гөш ҳәм сүтти қайта ислеўши микрофирма ҳәм киши кәрханалар ушын бирден-бир салық төлеми ставкасы 50 пайызға кемейтирилди.

Жоқарыда айтып өткенимиздей, Президентимиз Ислам Каримовтың 2010-жылда мәмлекетимизди социал-экономикалық раўажландырыў жуўмақлары ҳәм 2011-жылға мөлжелленген ең зәрүр бас бағдарларына бағышланған Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянатында жалпы ишки өним қурамында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң үлеси жылдан жылға көбейип баратырғанлығы айтып өтилди. Буны төмендеги мағлыўматлар арқалы көрип шығамыз (2-Диаграмма).

2-Диаграмма

**Жалпы ишки өним қурамында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң үлеси динамикасы (%те)**




Атап айтқанда, 2000 жылда жалпы ишки өнимниң дерлик 31 пайызы экономиканың жедел раўажланып баратыған усы секторына туўры келген болса, 2010 жылда бул көрсеткиш 52,5 пайызды қурады.

Буның барлығы, әлбетте, мәмлекетимизде киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў механизминиң жетилисилип атырғанлығынан дерек береди.

Киши бизнес экономиканың тез өзгерип туратуғын базар талапларына жуўап бериўин тәмийинлейтуғын заманагөй системаларды қәлиплестириўде

үлкен әҳмийетке ийе. Мәмлекетимизде усы тараў жаңа ис орынларын шөлкемлестириў ҳәм халықтың дәраматларын асырыўдың беккем факторына айланып баратырғанлығы да буның дәлийли болып табылады. Мәмлекетимизде киши бизнес искерлигин раўажландырыў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилгенлиги нызам шығарыў тараўында, тараўдың шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын жетилистириўди талап етпекте. Мәмлекетимиз басшысының Олий Мәжлис палаталары қоспа мәжлисиндеги «Мәмлекетимизде демократик реформаларды еле де тереңлестириў ҳәм пухаралық жәмийетин раўажландырыў консепциясы» атлы баянатында айтып өткениндей, «ҳәзирги ўақытта және бир зәрүр мәселе – мәмлекетимиз экономикасында киши бизнес, биринши нәўбетте жеке исбилерменликтиң роли ҳәм үлесин еле де кеңейтиўди тәмийинлей алатуғын нызамларды қабыл қылыў мәселеси биз ушын актуал болып қалмақта»[10]. Әмелге асырылып атырған экономикалық реформалар процессинде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти қоллап-қуўатлаў ҳәм раўажландырыў, жәмийетимиздиң социал-сиясый таянышы ҳәм фундаменти (тийкары) болған орта классты қәлиплестириў бойынша үлкен ислер әмелге асырылды. Усы тараўдың беккем шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарлары жаратылды.

Киши бизнес қолай ҳәм ҳәрекетшеңлиги, базар конюктурасы өзгерислери ҳәм тутыныўшылар ихтияжларына тез бейимлесе алыўы себепли оның мәмлекет экономикасында қәншелли әҳмийетли орын тутыўы жәҳән финанслық-экономикалық кризиси дәўиринде және бир мәрте белгили болды. Атап айтқанда, мәмлекетимизде кризиске қарсы иләжларды әмелге асырыў, жаңа ис орынларын жаратыў ҳәм халық дәраматын көбейтиўде усы тараў раўажланыўы айрықша орын тутты.

Киши бизнести раўажландырыў ҳәм оларды салыққа тартыў арқалы ретлестириў бойынша раўажланған мәмлекетлер тәжирийбесине нәзер таслайтуғын болсақ, Германия, Финляндия, Норвегия, Швеция киби

---

[10] И.А.Каримов Олий Мәжлис палаталары қоспа мәжлисиндеги «Мәмлекетимизде демократик реформаларды еле де тереңлестириў ҳәм пухаралық жәмийетин раўажландырыў консепциясы» атлы баянаты

мәмлекетлерде бар болған ис орынларының дерлик 70 пайызы киши бизнес үлесине туўры келеди. Көплеп мәмлекетлерде оның жалпы ишки өнимдеги үлеси 50 пайыздан асқаны экономиканы жедел пәт пенен раўажландырыў имкәнын бермекте. Сондай-ақ, Китай, Япония, Қубла Корея, Сингапур ҳәм басқа мәмлекетлерде де киши бизнестиң экономикадағы орны кем-кемнен артып баратыр.

Мәмлекетимизде киши бизнес субъектлерине кең имканиятлар ашып берилди ҳәм олардың ис жүритиўи ушын беккем нызамшылық системасы жаратылып, жетилистирип барылмақта. «Исбилерменлик искерлиги еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында»ғы, «Жеке кәрхана ҳаққында»ғы, Өзбекстан Республикасы нызамлары ҳәм басқа норматив ҳүжжетлер тараў ўәкиллериниң ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге хызмет қылмақта. Ҳәзирги ўақытта экономикада бәнт болған халықтың 74 пайыздан артығы усы тараўда мийнет қылмақта.

Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў, кредитлер бериўге тийисли көп ғана жеңилликлер ҳәм преференциялар берилген. Статистик мағлыўматларға қарағанда, 1996-2010 жыллар даўамында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик ушын белгиленген салық ставкалары 38 пайыздан 7 пайызға шекем, яғный 5,4 есе қысқарған.

Ал 2011-жылдан баслап бул көрсеткиш 6 пайызға түсирилиўи олар ушын және бир жеңиллик болып табылады. Өзбекстан Республикасы Салық кодексине муўапық микрофирма ҳәм киши кәрханалар бир неше улыўма белгиленген салық ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди төлеў орнына бирден-бир салық төлемин төлеў имәнын бериўши әпиўайыластырылған салыққа тартыў тәртибине өтиў имканиятына ийе болды. Буннан тысқары, микрофирма ҳәм киши кәрханаларға финанс, салық ҳәм статистика есабатларын мүддетлерин, басқа хожалық жүритиўши субъектлерден парқлы рәўиште ҳәр айда емес, бәлки ҳәр шеректе бир мәрте тапсырыў тәртиби берилген.

Кейинги жылларда мәмлекетимиз Президенти ҳәм ҳүкимети тәрепинен

киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў ҳәм оларға еле де қолай шараят жаратыў ушын бир қанша нызам ҳүжжетлери жаратылып, киши бизнес субъектлерин салыққа тартыўдың беккем ҳуқықый тийкары жаратылмақта. Атап айтқанда:

- Мәмлекетимиз басшысының 2009 жыл 15 майда қабыл қылынған «Исбилерменлик искерлигин еле де қоллап-қуўатлаў ҳәм раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында»ғы қарарында бир қанша жеңилликлер ҳәм кепилликлер жаратылды. Усы қарарға муўапық, киши кәрхана өз үйлеринде ислеп атырған ҳәм өнерментшилик пенен шуғылланыўшы пухаралар менен, нызам ҳүжжетлеринде белгиленген хызметкерлер санының көби менен 30 пайыздан асқан муғдарда мийнет шәртнамалары дүзгенде, киши кәрханалар ушын нәзерде тутылған кепилликлер, жеңилликлер ҳәм преференциялар усы кәрхана ушын сақланып қалыўы белгиленген;

- Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2009 жыл I апрельде қабыл қылынған мәмлекетлик мүлкти ижараға бериў тәртибин жетилистириў ис-иләжлары бойынша қарарына тийкарында бос турған мәмлекетлик биналар дизимнен өткерилип, киши бизнес субъектлерине ижараға берилип атырғанлығы өз бизнесин еле де раўажландырыўда оларға қолай имканият жаратпақта.

- 2010 жыл 14 декабрьде «Исбилерменлик искерлигиниң еркинликлериниң кепилликлери ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы нызамы қабыл қылынып, оны қабыл қылыўдан тийкарғы мақсет ҳәм усы тараў искерлиги еркинлигин тәмийинлеў, оларға берилип атырған жеңилликлердиң ҳуқықый кепилликлерин жаратыў болып табылады. Усы нызамның 5-статьясыа муўапық киши бизнес субъектлери ҳаққындағы нормалар белгиленген. Атап айтқанда, киши бизнес субъектлери түрлери ҳәм оларда бәнт болған хызметкерлер санының нормативи белгиленген. Усы статьяны жетилистириўди нәзерде тутқан ҳалда тийисли қосымшалар киритилди. Нызамға киритилген усы өзгерислер Халық-аралық мийнет шөлкеми Бас конференциясының 83-сессиясында ( Женева, 1996 жыл 20  июнь) қабыл

қылынған «Өнерментшилик  ҳаққындағы 177- Конвенсия» талапларына да дурыс келеди.

- Бизнести жүритиўдиң жаңа формалары әмелиятқа енгизилмекте. Олардан бири – ири ҳәм киши бизнес, сондай-ақ, жеке исбилерменлик субъектлери мәплерин жәмлестириў имкәнын беретуғын франшизинг системасы болып табылады. Усы система өзимизде ислеп шығарылған өнимлерди халық-аралық базарларға алып шығыў менен бирге, өним ҳәм хызметлердиң сыпатын қадағалаў, базарда ис жүритиў стандартларын қәлиплестириў, жаңа ис орынларын пайда етиўге жәрдем береди.

Бай тәжирийбе, жаңа усыл ҳәм технологияларды өзлестириў ҳәр қандай искерлик түри ушын бәрҳулла пайдалы. Киши бизнести раўажландырыў ушын еле де қолай шәрт-шараят жаратыў мақсетинде 2010-жыл 4-ноябрьде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Комплекс исбилерменлик лицензиясы (франшизинг) шәртнамаларын мәмлекетлик дизимнен өткериў тәртиби туўрысындағы Нызамды тастыйықлаў ҳаққында»ғы қарары қабыл қылынды. Бул қарарға муўапық франшизинг ҳаққындағы шәртнамалар мәмлекетлик дизимнен өткериледи, нызам ҳүжжетлерине муўапық исбилерменлик субъектлерин дизимнен өткериў ҳуқықына ийе болған мәмлекетлик органлары арқалы франшизинг ҳаққындағы шәртнама бойынша лицензиат яки  лицензиар сыпатында ис жүритетуғын юридик тәреплер, жеке исбилерменлер ортасындағы өз-ара қатнасықлар тәртипке салынады.

Нызамшылықтағы бул жаңалықлар, әўели киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў ҳәм олардың раўажланыўы ушын хызмет қылады.

Ҳәзирги күнде киши бизнес субъектлери саны жылдан-жылға көбейип баратыр. Сол себепли, олар тәрепинен әмелге асырылып атырған ислер, хызметлер көлеми де өсип бармақта. Статистик мағлыўматларға қарағанда, мәмлекетимизде 155 мыңнан зыят микрофирма ҳәм киши кәрхана, яғный киши бизнес субъектлери ис жүритпекте. Ҳәзирги күнде, усы микрофирма

ҳәм киши кәрханалар тәрепинен 2010-2011 жылларда 60 миллиард сумнан зыят муғдардағы жеңилликлер ҳәм преференциялар сақланып қалынды.

Сол себепли киши бизнес субъектлерин, олар ортасындағы ҳуқықый қатнасықларды, олардың жаратылған жеңилликлерден дурыс пайдаланыўын қадағалаў ҳәм оларды салыққа тартыў нызамшылығын, яғный салыққа тартыў арқалы ретлестириўди еле де жетилистириў ҳәзирги күнде әҳмийетли ўазыйпа болып қалмақта.

## Жуўмақлаў

Киши бизнес экономиканың тез өзгерип туратуғын базар талапларына жууап бериўин тәмийинлейтуғын заманагөй системаларды қәлиплестириўде үлкен әҳмийетке ийе. Мәмлекетимизде усы тараў жаңа ис орынларын шөлкемлестириў ҳәм халықтың дәраматларын асырыўдың беккем факторына айланып баратырғанлығы да буның дәлийли болып табылады. Мәмлекетимизде киши бизнес искерлигин раўажландырыў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилгенлиги нызам шығарыў тараўында, тараўдың шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын жетилистириўди талап етпекте. Мәмлекетимиз басшысының Олий Мәжлис палаталары қоспа мәжлисиндеги «Мәмлекетимизде демократик реформаларды еле де тереңлестириў ҳәм пухаралық жәмийетин раўажландырыў консепциясы» атлы баянатында айтып өткениндей, «ҳәзирги ўақытта және бир зәрүр мәселе – мәмлекетимиз экономикасында киши бизнес, биринши нәўбетте жеке исбилерменликтиң роли ҳәм үлесин еле де кеңейтиўди тәмийинлей алатуғын нызамларды қабыл қылыў мәселеси биз ушын актуал болып қалмақта».

Киши бизнес қолай ҳәм ҳәрекетшеңлиги, базар конюктурасы өзгерислери ҳәм тутыныўшылар ихтияжларына тез бейимлесе алыўы себепли оның мәмлекет экономикасында қәншелли әҳмийетли орын тутыўы жәҳән финанслық-экономикалық кризиси дәўиринде және бир мәрте белгили болды. Атап айтқанда, мәмлекетимизде кризиске қарсы иләжларды әмелге асырыў, жаңа ис орынларын жаратыў ҳәм халық дәраматын көбейтиўде усы тараў раўажланыўы айрықша орын тутты. Атап айтқанда, 2000-жылда жалпы ишки өнимниң дерлик 31 %и экономиканың жедел раўажланып баратыған усы секторына туўры келген болса, 2010-жылда бул көрсеткиш 52,5 %ти қурады. 2011-жылы бул көрсеткишти 56 %ке жеткериў нәзерде тутылған.

Киши бизнести раўажландырыў ҳәм оларды салыққа тартыў арқалы ретлестириў бойынша раўажланған мәмлекетлер тәжирийбесине нәзер таслайтуғын болсақ, Германия, Финляндия, Норвегия, Швеция киби мәмлекетлерде бар болған ис орынларының дерлик 70 пайызы киши бизнес үлесине туўры келеди. Көплеп мәмлекетлерде оның жалпы ишки өнимдеги

үлеси 50 пайыздан асқаны экономиканы жедел пәт пенен раўажландырыў имкәнын бермекте. Сондай-ақ, Китай, Япония, Қубла Корея, Сингапур ҳәм басқа мәмлекетлерде де киши бизнестиң экономикадағы орны кем-кемнен артып баратыр.

Мәмлекетимизде киши бизнес субъектлерине кең имканиятлар ашып берилди ҳәм олардың ис жүритиўи ушын беккем нызамшылық системасы жаратылып, жетилистирип барылмақта. «Исбилерменлик искерлиги еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында»ғы, «Жеке кәрхана ҳаққында»ғы, Өзбекстан Республикасы нызамлары ҳәм басқа норматив ҳүжжетлер тараў ўәкиллериниң ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге хызмет қылмақта. Ҳәзирги ўақытта экономикада бәнт болған халықтың 74 пайыздан артығы усы тараўда мийнет қылмақта.

Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў, кредитлер бериўге тийисли көп ғана жеңилликлер ҳәм преференциялар берилген. Статистик мағлыўматларға қарағанда, 1996-2010 жыллар даўамында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик ушын белгиленген салық ставкалары 38 пайыздан 7 пайызға шекем, яғный 5,4 есе қысқарған.

Ал 2011 жылдан баслап бул көрсеткиш 6 пайызға түсирилиўи олар ушын және бир жеңиллик болып табылады. Өзбекстан Республикасы Салық кодексине муўапық микрофирма ҳәм киши кәрханалар бир неше улыўма белгиленген салық ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди төлеў орнына бирден-бир салық төлемин төлеў имәнын бериўши әпиўайыластырылған салыққа тартыў тәртибине өтиў имканиятына ийе болды. Буннан тысқары, микрофирма ҳәм киши кәрханаларға финанс, салық ҳәм статистика есабатларын мүддетлерин, басқа хожалық жүритиўши субъектлерден парқлы рәўиште ҳәр айда емес, бәлки ҳәр шеректе бир мәрте тапсырыў тәртиби берилген. Ҳәзирги күнде киши бизнес субъектлери саны жылдан-жылға көбейип баратыр. Сол себепли, олар тәрепинен әмелге асырылып атырған servicesислер, хызметлер көлеми де өсип бармақта. Статистик мағлыўматларға қарағанда, мәмлекетимизде 155 мыңнан зыят микрофирма ҳәм киши кәрхана,

яғный киши бизнес субъектлери ис жүритпекте. Ҳәзирги күнде, усы микрофирма ҳәм киши кәрханалар тәрепинен 2010-2011 жылларда 60 миллиард сумнан зыят муғдардағы жеңилликлер ҳәм преференциялар сақланып қалынды.

2012 жыл 1 январьға шекем, мәмлекетимиздеги 15 түрдеги азық-аўқат емес тутыныў товарларын ислеп шығарыўға қәнийгелестирилген микрофирма ҳәм киши кәрханалар пайда салығы, мүлк ҳәм бирден-бир салық төлеўден азат етилди. Гөш ҳәм сүтти қайта ислеўши микрофирма ҳәм киши кәрханалар ушын бирден-бир салық төлеми ставкасы 50 пайызға кемейтирилди.

Президентимиз Ислам Каримовтың 2010-жылда мәмлекетимизди социал-экономикалық раўажландырыў жуўмақлары ҳәм 2011-жылға мөлжелленген ең зәрүр бас бағдарларына бағышланған Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянатында жалпы ишки өним қурамында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң үлеси жылдан жылға көбейип баратырғанлығы айтып өтилди. Бул киши бизнестиң күнделикли турмысымыздың ажыралмас бөлегине айланып баратырғанлығының дереги болып табылады.

Сол себепли киши бизнес субъектлерин, олар ортасындағы ҳуқықый қатнасықларды, олардың жаратылған жеңилликлерден дурыс пайдаланыўын қадағалаў ҳәм оларды салыққа тартыў нызамшылығын, яғный салыққа тартыў арқалы ретлестириў ҳәзирги күнде әҳмийетли ўазыйпа болып қалмақта.

Усы ўазыйпаларды орнылаў барысында төмендеги ис-иләжларды усынбақшыман:

1. Киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў механизмин еле де жетилистириў;
2. Киши бизнестиң ҳәр бир түри бойынша арнаўлы салыққа тартыў тәртибин ислеп шығыў;
3. Салық төлеўшилерге салыққа тартыў системасында қосымша

жеңилликлер ҳәм преференциялар бериў, салықларды унификация қылыў, салық жүгин жеңиллестириў

4. Салық нызамшылығының турақлылығын тәмийинлеў.

Бул мен келтирген усыныслар ис жүзинде әмелге асырылса Өзбекстан Республикасында киши бизнес субъектлерин салыққа тартыў арқалы ретлестириў еле де жетилискен болар еди.

## Пайдаланылған әдебиятлар

1. Өзбекстан Республикасы Конституциясы. – Ташкент: Ўзбекистон, 2010
2. Өзбекстан Республикасы Салық кодекси. 2008 жыл.
3. Өзбекстан Республикасы нызамы «Исбилерменлик искерлигиниң еркинликлериниң кепилликлери ҳаққында» 2010 жыл 14 декабрь.
4. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005 жыл 20 июньдеги ПП-3620-санлы «Микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларды раўажландырыўды қоллап-қуўатлаў бойынша қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы Пәрманы.
5. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2003 жыл 30 августтағы «1998 жыл 9 апрельдеги «Жеке исбилерменлик, киши ҳәм орта бизнести раўажландырыўды еле де қоллап-қуўатлаў ис-иләжлары ҳаққында» ғы пәрманына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында» ғы ПП-3305 санлы пәрманы.
6. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарары. Ислеп шығарыў ҳәм социаллық инфрасруктураны еле де раўажландырыў бойынша қосымша ис-иләжлар ҳаққында. 2009 жыл 20 январь, ПҚ-1041-сан.
7. Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарары «Исбилерменлик искерлигин еле де қоллап-қуўатлаў ҳәм раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында» 2009 жыл 15 май.
8. Каримов И.А. Дүнья жүзлик финанслық-экономикалық кризис, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм иләжлары / И.А.Каримов. – Т: Ўзбекистон, 2009. – 56 б.
9. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Асарлар, 11-жилд. – Тошкент: «Ўзбекистон», 2003.
10. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Асарлар, 13–том. Т.: «Ўзбекистон», 2005.
11. «Мәмлекетимизди модернизация қылыў ҳәм күшли пухаралық жәмийет қурыў– бас мақсетимиз» – Президент Ислам Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисиндеги баянаты // Халық сөзи, 2010 жыл 28 январь
12. «Тийкарғы ўазыйпамыз – Ўатанымыз келешеги ҳәм халқымыз

пәраўанлығын еле де раўажландырыў». – Президент Ислам Каримовтың 2009 жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2010 жылда социал-экономикалық раўажландырыўдың бас бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисндеги баянаты // Халық сөзи, 2010 жыл 30 январь.

13. Каримов И.А. Мәмлекетимизде демократик реформаларды еле же тереңлестириў ҳәм пухаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы (Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжлисиндеги баянаты), «Халық сөзи», 2010 жыл 13 ноябрь (№ 220),
14. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Мәмлекетимизди модернизация қылыў ҳәм күшли пухаралық жәмийет қурыў– бас мақсетимиз» ҳәм де «Тийкарғы ўазыйпамыз – Ўатанымыз келешеги ҳәм халқымыз пәраўанлығын еле де раўажландырыў» атлы баянатларын үйрениў бойынша қолланба. – Ташкент: Иқтисодиет. - 2010.
15. Абулқосимов Ҳ. Ўзбекистонда иқтисодий ислоҳотлар. –Т.: Akadimiya, 2008.
16. Ўлмасов А., Шарифхўжаев М. Иқтисодиёт назарияси. Т.: “Меҳнат”, 1995 й. 377-бет
17. Олимжонов. О. Бозор иқтисодиётига ўтиш даврида солиқ сиёсати. «Ҳаёт ва иқтисод», 1992 Яҳёев Қ. Солиқ. Т.: «Меҳнат», 1997 й. 20-бет
18. Гатаулин Ш. Солиқлар ва солиққа тортиш. Т.: 1996 й. 74-бет
19. Ўзбекистон – иқтисодиетни модернизациялаш ҳамда ислоҳотларни чуқурлаштиришнинг янги ва юксак босқичи йўлида. (*Бекмуродов А.Ш.,* Ғафуров *У.В.*) Т.: Иқтисодиет, 2008. – 126 б. (электрон версияси билан).
20. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. – 2008. – 9-сан.
21. Ўзбекистон иқтисодиетни либераллаштириш ва модернизациялаш йўлида. Экспресс-проспект. (Бекмуродов А.Ш., Беркинов Б.Б., Усмонов Б.Б., Ҳамидов О.М., Ғафуров У.В. ва Неъматов И.У.). - Т.: Иқтисодиет, 2009. –

10 б. (электрон версияси билан).
22. Фабоцци Ф. Управление инвестициями. Москва: ИНФРА-М, 2000, 932 с.
23. А.Вахобов, Н.Жумаев, У.Бурханов «Халқаро молия муносабатлари» Т: Шарк,2003.
24. Абдуллаев Ё. А., Срожиддинова З.Х., Успбаев Н.И. Государственные финансы Республики Узбекистан. –Ташкент: Меҳнат –2001. –85 с.
25. Абдуғаффор Жўраев. Давлат бюджети даромадларини шакллантиришнинг самарали йўллари. Монография. –Тошкент: Фан, 2004. – 243 б.
26. Жўраев А., Мейлиев О., Сафаров Ғ. Солиқ назарияси -Т.: ТМИ, 2004. - 250 б.
27. Завалишина И.А. Солиқлар: назария ва амалиёт. / «Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси» нашриёт уйи, 2005. -544 б.
28. Зайналов Ж.Р. Солиқлар ва солиққа тортиш. –С.: Самарқанд кооператив институти, 2002. – 366 б.
29. Маликов Т. Солиққа тортишнинг долзарб масалалари. – Т.: 2000. –76 б.
30. Маликов Т.С. Солиқлар ва солиққа тортишнинг долзарб масалалари. –Т.: Академия, 2002. – 204 б.
31. Налоги в условиях экономической интеграции. / В.С. Бард и др. под ред. проф. В.С.Барда и Л.П.Павловой. –М.: КНОРУС, 2004. 288 с.
32. Налоги и налогообложение. Учебник для вузов /Под ред. Д.Г.Черника. М: Юнита-Дана, 2004. – 345 с.
33. Пансков В.Г., Князев В.Г. Налоги и налогообложение: Учебник для вузов. –М.: МЦФЭР, 2003. – 336 с.
34. Тошмуродова Б. Солиқлар воситасида иқтисодиётни бошқариш механизми. /Монография. –Т.: “Янги аср авлоди”, 2002. – 127 б.
35. «Солиқлар ва солиққа тортиш» маъруза матнлари тўплами. /А.Жўраев ва бошқ. –Т.: “IQTISOD-MOLIYA”, 2005. - 241 б.
36. Толкушин А.В. Налоги и налогообложения: Энциклопедический словарь. –М.: 2000.
37. Яҳёев Қ.А. Солиққа тортиш назарияси ва амалиёти. –Т.: Фан ва

технологиялар маркази,  2003. – 247 б.
38. Яҳёев Қ. Солиқ. Т.: «Меҳнат», 1997 й. –20 б.
39. Абдураҳмонов О. Жисмоний шахслар мулкини солиққа тортишни такомиллаштириш //Бозор, пул ва кредит. –2002. –№7.
40. Абдураҳмонов О. Солиқ сиёсати: Дунё тажрибаси ва Ўзбекистон итиқболи //Бозор, пул ва кредит. –2002. –№5.
41. Аҳмаджонов М. Солиқ маданиятини оширайлик //Солиқ тўловчининг журнали. –2001. –№2.
42. Жураев А. Актуальные вопросы налогообложения доходов  физических лиц //Актуальные проблемы современной науки. –Москва, 2004. –№ 2(17). –С. 109–111.
43. Жўраев А. Даромад, бюджет ва солиқлар //Солиқ тўловчининг журнали. –2004. –№4 –Б. 21–23.

Интернет сайтлары
1. www. Ziyonet.uz
2. www.gov.uz
3. www.investuzbekistan.uz
4. www.mf.uz
5. www.soliq.uz